

**REFERENSI EKSOFORA**  
**WONTEN ING CERBUNG KALAWARTI PANJEBAR SEMANGAT**  
**WEDALAN 15 SEPTEMBER 2012 – 29 JUNI 2013**

**SKRIPSI**

Dipunaturaken Dhumateng Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Yogyakarta  
Minangka Jejangkeping Pendaran Anggayuh *Gelar*  
*Sarjana Pendidikan*



Dening

**Anis Afifah**

NIM. 10205244057

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA**  
**JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH**  
**FAKULTAS BAHASA DAN SENI**  
**UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA**  
**2014**



## PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Referensi Eksofora Wonten Ing Cerbung Kalawarti Panjebar Semangat Wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2013* menika saged dipunuji awit sampun pikantuk palilah saking pembimbing.



Yogyakarta, 12 Agustus 2014

Yogyakarta, 12 Agustus 2014

Pembimbing I

Pembimbing II

Dr. Mulyana, M. Hum  
NIP. 19661003 199203 1 002

Avi Meilawati, S.Pd, M. A  
NIP. 19830502 200912 2 003




## PENGESAHAN


*Skripsi kanthi irah-irahan Referensi Eksofora Wonten Ing Cerbung Kalawarti Panjebar Semangat Wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2013* menika sampun dipunandharaken wonten pendadaran ing sangajengipun *dewan penguji* rikala tanggal 20 Agustus 2014 saha dipuntetepaken lulus.

## DEWAN PENGUJI

Asma	Jabatan	TapakAsma	Tanggal
1. Dr. Puwardi, M. Hum	KetuaPenguji		21-8-2014
2. Avi Meilawati, S.Pd, M. A	SekretarisPenguji		21-8-2014
3. Drs. Hardiyanto, M. Hum	Penguji I		21-8-2014
4. Dr. Mulyana, M.Hum.	Penguji II		21-8-2014

Yogyakarta, 21 Agustus 2014  
Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Yogyakarta  
Dekan,



  
Prof. Dr. Zamzani, M.Pd.  
NIP.19550505 198011 1 001



## WEDHARAN

Ingang tandha tangan ing ngandhap menika, kula :

Nama : **Anis Afifah**

NIM : 10205244057

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Fakultas Bahasa dan Seni

ngandharaken bilih *skripsi* menika minangka asiling panaliten kula piyambak. Samangertos kula, *skripsi* menika boten sami kaliyan ingkang kaserat dening tiyang sanes, kejawi perangan-perangan tartamtu ingkang kula pethik sarana kangge dhasar panyeratan kanthi nggatosaken tata cara saha paugeran panyeratan *skripsi* ingkang umum.

Seratan ing wedharan menika kula serat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukti bilih wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggel jawab kula minangka pribadi.

Yogyakarta, 12 Agustus 2014

Panyerat



Anis Afifah



## **SESANTI**

*Sesungguhnya sesudah kesulitan terdapat sebuah kemudahan*

*(Q.S Al-Insyirah : 6)*



## **PISUNGSUNG**

Kanthi raos syukur dhumateng Allah SWT, skripsi menika kula aturaken dhumateng tiyang sepuh kula, Bapak Isbani saha Ibu Alfiatun ingkang sampun paring panjurung, panyengkuyung saha donga pangestu saengga skripsi menika saged paripurna.



## PRAWACANA

Puji syukur panyerat aturaken dhumateng Allah SWT ingkang sampun paring rahmat saha hidayahipun, saengga panyerat saged ngrampungaken skripsi kanthi irah-irahan “**Referensi Eksofora Wonten Ing Cerbung Kalawarti Panjebar Semangat Wedalan 15 Sepetember 2012 – 29 Juni 2013**” menika saged kaimpun kanthi nir ing sambekala. Skripsi menika kaserat kangge njangkepi salah satunggaling sarat anggayuh *gelar sarjana pendidikan*.

Panyerat ugi ngaturaken agunging panuwun dhumateng Bapak Drs. Mulyana, M. Hum saha Ibu Avi Meilawati, S.Pd, M.A minangka Dosen Pembimbing skripsi ingkang sampun paring panjurung, pamrayogi, panyaruwe, saha bimbingan kanthi sabar saha tulus sadangunipun kula nyerat skripsi, satemah skripsi menika saged paripurna kanthi sae.

Skripsi menika saged paripurna ugi amargi sampun dipunsengkuyung saking mapinten-pinten *pihak*. Awit saking menika, panyerat ngaturaken agunging panuwun dhumateng:

1. Bapak Prof. Dr. Rochmat Wahab, M.Pd. MA. Minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring wekdal dhateng kula kangge pados ngelmu.
2. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M.Pd. minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.
3. Bapak Dr. Suwardi, M. Hum. Minangka Ketua Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh saha pandom salebeting kula sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
4. Bapak Drs. Afendy Widayat, M. Phil minangka dosen Penasehat Akademik ingkang sampun paring bimbingan, panyengkuyung, saha panjurungipun sadangunipun kula sinau ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.



5. Bapak Ibu Dosen Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh mawarni-warni ingkang murakabi tumrap panyerat.
6. *Staf* karyawan Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah awit saking pambiyantunipun.
7. *Dosen Penguji Tugas Akhir Skripsi* ingkang sampun paring pambiji saha pamrayoginipun.
8. Tiyang sepuh kula, Bapak Isbani saha Ibu Alfiatun, rayi kula Muhammad Taufiq Ismail sarta sedaya kaluwarga awit saking panjurung saha pandonganipun.
9. Kanca - kanca Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah angkatan 2010 mliginipun kelas H, saha sedaya pihak ingkang sampun panjurung saha pandonganipun dhateng panyerat saengga skripsi menika saged paripurna kanthi sae.

Skripsi menika temtu kemawon taksih dereng saged kawastanan sae, jangkep menapa malih sampurna. Pramila saking menika sadaya pamrayogi menapa dene panyaruwe saking sedayanipun tansah katampi kanthi bingahing manah saha agunging panuwun. Wasana, kanthi raos andhap asor panyerat gadhah pangajab mugi – mugi skripsi menika saged murakabi tumrap pammaos saha panyerat.

Yogyakarta, 12 Agustus 2014

Panyerat,



Anis Afifah

## WOSING ISI

Kaca

<b>IRAH-IRAHAN</b> .....	i
<b>PASARUJUKAN</b> .....	ii
<b>PANGESAHAN</b> .....	iii
<b>WEDHARAN</b> .....	iv
<b>SESANTI</b> .....	v
<b>PISUNGSUNG</b> .....	vi
<b>PRAWACANA</b> .....	vii
<b>WOSING ISI</b> .....	ix
<b>DAFTAR TABEL</b> .....	xii
<b>DAFTAR LAMPIRAN</b> .....	xiii
<b>DAFTAR CEKAKAN</b> .....	xiv
<b>SARINING PANALITEN</b> .....	xv
<b>BAB I PURWAKA</b> .....	1
A. Dhasaring Panaliten .....	1
B. Underaning Prekawis.....	5
C. Watesaning Prekawis.....	6
D. Wosing Prekawis .....	6
E. Ancasing Panaliten .....	7
F. Paedahing Panaliten.....	7
G. Pangertosan.....	8
<b>BAB II GEGARAN TEORI</b> .....	10



A. Wacana .....	10
B. <i>Keutuhan Wacana</i> .....	15
C. <i>Kajian Wacana</i> .....	18
D. <i>Referensi</i> .....	20
1. <i>Pangertosan Referensi</i> .....	20
2. <i>Jinising Referensi</i> .....	24
a. <i>Referensi Endofora</i> .....	24
b. <i>Referensi Eksofora</i> .....	25
1). <i>Referensi Persona</i> .....	28
2) <i>Referensi Demonstratif</i> .....	29
3) <i>Referensi Komparatif</i> .....	33
3. <i>Wujud Referensi Eksofora</i> .....	34
4. <i>Fungsi Referensi Eksofora</i> .....	36
E. <i>Cerbung</i> .....	38
F. <i>Panaliten Inggang Laras</i> .....	39
G. <i>Nalaring Pikir</i> .....	40
<b>BAB III CARA PANALITEN</b> .....	42
A. <i>Jinising Panaliten</i> .....	42
B. <i>Data lan Sumbering Data</i> .....	42
C. <i>Caranipun Ngempalaken Data</i> .....	43
D. <i>Pirantining Panaliten</i> .....	45
E. <i>Caranipun Nganalisis Data</i> .....	46
F. <i>Cara Ngesahaken Data</i> .....	48
<b>BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN</b> .....	51
A. <i>Asiling Panaliten</i> .....	51
B. <i>Pirembagan</i> .....	54
1. <i>Jinisipun Referensi Eksofora Persona</i> .....	55
2. <i>Jinisipun Referensi Eksofora Demonstratif</i> .....	61
a. <i>Demonstratif Papan</i> .....	62

b. <i>Demonstratif</i> prastawa.....	67
c. <i>Demonstratif</i> kawontenan.....	72
<b>BAB V PANUTUP</b> .....	74
A. Dudutan .....	74
B. <i>Implikasi</i> .....	75
C. Pamrayogi .....	76
<b>KAPUSTAKAN</b> .....	77
<b>LAMPIRAN</b> .....	80



## ***DAFTAR TABEL***

	Kaca
Tabel 1 : Kertu <i>Data</i> Wujud, Jinis, saha Fungsi <i>Referensi Eksofora</i> .....	46
Tabel 2 : <i>Format</i> Tabel <i>Analisis Data Referensi Eksofora</i> .....	47

## **DAFTAR LAMPIRAN**

Kaca

Lampiran 1: Tabel Asiling saha <i>Analisis</i> Wujud, Jinis saha <i>Fungsi Referensi</i> <i>Eksofora</i> wonten ing cerbung Kalawarti <i>Panjebar Semangat Wedalan</i> 15 September 2012 - 29 Juni 2013 .....	80
---	----

## **DAFTAR CEKAKAN**

D	: <i>Demonstratif</i>
DL	: <i>Data Lampiran</i>
F	: <i>Frasa</i>
GSP	: <i>Getih Sri Panggung</i>
P	: <i>Persona</i>
PS	: <i>Panjebar Semangat</i>
SPP	: <i>Sang Pangeran Pati</i>
T	: <i>Tembung</i>



**REFERENSI EKSOFORA**  
**WONTEN ING CERBUNG KALAWARTI PANJEBAR SEMANGAT**  
**WEDALAN 15 SEPTEMBER 2012 – 29 JUNI 2013**

**Dening :**

**Anis Afifah**

**NIM 10205244057**

**SARINING PANALITEN**

Panaliten menika dipuntindakaken kanthi ancas kangge ngandharaken *referensi eksofora* wonten ing salebeting cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2013. Panaliten menika ngandharaken jinis, wujud saha *fungsi referensi eksofora* wonten ing salebeting cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2013.

Panaliten menika kalebet jinis panaliten *deskriptif*. Sumber *data* panaliten menika cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2013. *Data* wonten panaliten menika awujud ukara ingkang ngewrat *referensi eksofora*. Panaliten menika dipuntliti kanthi *analisis* wacana. *Teknik* anggenipun ngempalaken *data* menika kanthi cara *teknik maos* saha *teknik nyerat*. *Data dipunanalisis* ngangge *teknik deskriptif* inggih menika panaliti ngandharaken wujud, jinis, saha *fungsi referensi eksofora* wonten ing salebeting cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2013. Kangge manggihaken *validitas data* ngginakaken *validitas semantik kontekstual* saha *triangulasi teori*, lajeng kangge manggihaken *reliabilitas data* ngginakaken *reliabilitas intrarater* saha *reliabilitas interrater*.

Asiling panaliten menika nedahaken bilih (1) wujud *referensi eksofora* ingkang dipunpanggihaken wonten ing salebeting cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2013, inggih menika awujud tembung saha *frasa*, (2) jinis *referensi eksofora* ingkang dipunpanggihaken inggih menika (a) *referensi eksofora persona* (b) *referensi eksofora demonstratif* : nedahaken papan, nedahaken prastawa saha nedahaken kawontenan (3) fungsi *referensi eksofora* wonten ing salebeting cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2013 ginanipun kangge nedaheken tiyang, nedahaken satunggaling papan, nedahaken satunggaling prastawa saha nedahaken satunggaling kawontenan. Sedaya menika nggayutaken *teks* kaliyan *konteks* ukaranipun saengga nuwuhaken makna ukaranipun cetha saha wetah.

## **BAB I**

### **PURWAKA**

#### **A. Dhasaring Panaliten**

Basa boten saged uwal saking titahipun tiyang minangka *makhluk sosial*. Basa dipunginakaken kangge *komunikasi* antawisipun tiyang wonten masarakat. Lumantar basa tiyang saged ngandharaken pamanggih utawi *gagasan*. Indonesia gadhah mawerni werni basa daerah, ingkang salah satunggalipun inggih menika basa Jawi. Basa Jawi dipunginakaken mliginipun tiyang Jawi kangge *komunikasi* padintenan. Miturut jinisipun basa saged dipunperang dados kalih inggih menika basa lisan kaliyan basa sinerat. Basa lisan dipunginakaken kangge pawicantenan kaliyan tiyang sanes. Wondene basa sinerat menika dipunginakaken kangge ngandharaken pamanggih lumantar seratan. Kekalihipun menika kalebet *sarana komunikasi*. *Komunikasi* menika saged katindakaken kanthi sae awit penutur kaliyan mitra tutur mangertosi *informasi* ingkang dipunandharaken.

Basa ingkang dipunginakaken rikala *komunikasi* kaliyan mitra tutur wonten ing masarakat, wujudipun ukara. Ukara-ukara menika saged ngandharaken babagan ingkang boten sinebat kanthi langsung, ananging taksih wonten gegayutanipun kaliyan suraosing ukara-ukara saderengipun. Wondene basa ingkang awujud sinerat menika kaginakaken wonten ing karya sastra, salah satunggaling inggih menika cariyos sambung.

Basa sinerat kaginakaken dening pangripta kangge ngandharaken *ide* utawi *konsep* wonten karya sastra. Asiling karya sastra ingkang saged dipunwaos dening para pamaos minangka pangolahing basa dening pangripta. Wonten ing salebeting

karya sastra, mliginipun cerbung utawi cariyos sambung kadhapukan saking *paragraf* utawi wacana. Wacana ingkang sae menika wacana ingkang ngandharaken *informasi* ingkang wetah. Tegesipun *informasi* ingkang dipunandharaken menika saged dipunmangertosi dening pamaos saha pamireng kanthi sae.

Basa sinerat wonten ing karya sastra awujud reroncening ukara-ukara ingkang ngewrat satunggaling perkawis. Ukara wonten ing salebeting wacana menika wonten ingkang nyebataken *acuan* kanthi langsung, ananging ugi kapanggihaken *acuan* ingkang boten sinebat kanthi langsung. Tegesipun wonten *pengacuanipun* ingkang dipunsebataken ing salebeting *teks* ugi kapanggihaken *pengacuan* ingkang dipunsebataken ing njawi *teks*. Ukara-ukara ingkang *pengacuanipun* wonten ing njawi *teks* menika dipunsebat *referensi eksofora*.

*Referensi eksofora* menika salah satunggaling jinis *referensi*. *Referensi* boten namung wonten ing pawicantenan antawisipun manungsa, nanging ugi kapanggihaken wonten basa sinerat. Salah satunggaling karya sastra ingkang ukara-ukaranipun wonten gegayutan kaliyan *referensi eksofora* inggih menika cariyos sambung wonten ing kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 - 29 Juni 2013. Salebeting cerbung ingkang badhe dipuntliti menika wonten kalih irah-irahan. Irah-irahanipun cerbung ingkang badhe dipuntliti inggih menika cerbung *Sang Pangeran Pati* anggitanipun Fitri Gunawan kaliyan cerbung *Getih Sri Panggung* anggitanipun Kukuh S. Wibowo. Cariyos kekalihipun menika ngginakaken basa campuran antawisipun Jawa ngoko kaliyan Jawa krama. Salah

satunggaling ukara ingkang gegayutan kaliyan *referensi eksofora* wonten ing cerbung inggih menika:

Konteks: Nalika wonten kantor, Sri Wahyuni ngendika kaliyan Basuki bilih piyambakipun ngasta gudheg damelanipun ibunipun.

“Yun, wis sarapan?”

“Uwis, lagi rampung, aku mbontot saka omah! **Ibuku** pas masak gudheg, dadi aku sangu. Kowe pa luwe?”

(DL no.10/SPP/38).

Ukara menika nedahaken *referensi eksofora*. Satuan lingual **ibuku** wonten ing ukara menika, miturut wujudipun *referensi eksofora* awujud tembung. Tembung menika salah satunggaling *unsur* ingkang ndayani wacana menika kadadosan. Tembung **ibuku** menika miturut jinisipun *referensi kalebet referensi eksofora persona*. Bab menika jalaran tembung menika nedahaken satunggaling tiyang ingkang wonten gegayutanipun kaliyan *konteks* pirembaran.

Tembung **ibuku** menika *acuanipun* merujuk dhateng njawi *teks*. Bab menika jalaran boten wonten andharan ngengingi tiyang ingkang dipunmaksud. Tembung menika minangka *orang ketiga* ingkang saweg dipunrembag wonten ing pawicantenan. Tiyang ingkang dipuntegesaken inggih menika ibunipun Sri Wahyuni.

Tembung **ibuku** menika ngewrat makna *referensi eksofora* ingkang wonten gegayutanipun kaliyan makna *teks*. Tegesipun mitra tutur mangertosi tiyang ingkang dipunmaksud dening penutur. Pramila wontenipun *referensi eksofora* saking tembung **ibuku** ndadosaken makna wacana kasebut wetah, sinaosa boten dipunsebataken wonten ing ukara. Tembung menika ginanipun kangge



nggayutaken makna *referensi eksofora* kaliyan makna *teks* saengga nuwuhaken makna ingkang wetah wonten ing salebeting ukara.

Fungsi saking *referensi eksofora* menika kangge nggayutaken makna *referensi eksofora* kaliyan makna *teks*, saengga saged nuwuhaken makna ingkang wetah. *Kedudukan referensi eksofora* wonten ing satunggaling wacana ingkang sinerat menika, kangge ngandharaken *teks* saengga saged nuwuhaken makna ingkang cetha saha wetah. *Satuan lingual* ingkang nedahaken *referensi eksofora* menika nggayutaken makna *referensi eksofora* kaliyan makna *teks*, saengga nuwuhaken makna ingkang wetah.

*Referensi eksofora* wonten ing cariyos sambung menika boten namung ngandharaken satunggal perkawis, ananging taksih kathah sanesipun. Bab sanesipun ingkang wonten ing cerbung menika antawisipun bab *persona* saha *demonstratif*. Wujudipun *referensi eksofora* menika awujud satuan *lingual* ingkang wonten ing salebeting *struktur* wacana inggih menika awujud tembung, *frasa* saha *klausa*.

Saking andharan ing nginggil menika saged dipunmangertosi, bilih cerbung wonten ing salebeting kalawarti *Panjebar Semangat* menika wonten werni-werni perkawis ingkang kedah dipuntliti. Bab menika gadhah manpangat ingkang wigatos wonten ing wacana ingkang limrahipun kirang dipungatosaken. Saking perkawis menika, panaliti gadhah ancas badhe nindakaken panaliten bab *referensi eksofora*. Panaliten menika dipunsukani irah-irahan “*Referensi Eksofora Wonten Ing Cerbung Kalawarti Panjebar Semangat* Wedalan 15 September 2012 – 29

Juni 2013”. Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken wujud, jinis, fungsi saking *referensi eksofora* wonten ing salebeting cerbung menika.

## **B. Underaning Perkawis**

Adhedhasar perkawis ing nginggil menika, kathah sanget perkawis ingkang dipunpanggihaken wonten ing panaliten menika antawisipun :

1. Unsur *eksternal* wacana ingkang dipunginakaken wonten ing cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2013.
2. Jinis *referensi* wonten ing cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2013.
3. *Referensi endofora* wonten ing cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2013.
4. Wujud *referensi endofora* wonten ing cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2013.
5. *Referensi eksofora* wonten ing cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2013.
6. Wujud *referensi eksofora* wonten ing cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2013.
7. Jinis *referensi eksofora* wonten ing cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2013.
8. Fungsi *referensi eksofora* wonten ing cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2013.

### C. Watesaning Perkawis

Adhedhasar underaning perkawis ing nginggil. Perkawis ingkang dipuntliti dipunwatesi amargi kawatesaning panaliti. Perkawis ingkang dipuntliti inggih menika:

1. Wujud *referensi eksofora* wonten ing cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2013.
2. Jinis *referensi eksofora* wonten ing cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2013.
3. Fungsi *referensi eksofora* wonten ing cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2013.

### D. Wosing Perkawis

Adhedhasar watesaning perkawis menika, perkawis ingkang wonten ing panaliten antawisipun,

1. Menapa kemawon wujud *referensi eksofora* wonten ing cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2013.
2. Menapa kemawon jinising *referensi eksofora* wonten ing cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2013.
3. Kadospundi fungsi *referensi eksofora* wonten ing cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2013.

### E. Ancasing Panaliten

Adhedhasar wosing perkawis ing nginggil, ancasing panaliten inggih menika:

1. Ngandharaken wujud *referensi eksofora* wonten ing cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2013.
2. Ngandharaken jinising *referensi eksofora* wonten ing cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2013.
3. Ngandharaken fungsi *referensi eksofora* wonten ing cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2013.

### F. Paedahing Panaliten

Paedahipun panaliten menika saged dipuntingali saking kalih *segi*, inggih menika *segi teoritis* saha *segi praktis*. Paedahipun panaliten menika antawisipun,

1. Paedah *teoritis*

Paedahipun teoritis inggih menika saged nambah *khasanah* ngilmu panaliten wonten ing babagan *kajian* wacana mliginipun *referensi eksofora*.

2. Paedah *praktis*

Paedahipun *praktis* menika kangge pasinaon perkuliahan, saged suka pembiyantu anggenipun ngandharaken materi *unsur eksternal* wacana mliginipun *referensi eksofora* wonten salebeting *kajian* wacana. Panaliten menika saged dipundadosaken *acuan* kangge panaliten salajengipun mliginipun ngengingi *referensi eksofora* wonten ing salebeting wacana lisan utawi wacana sinerat.



## **G. Pangertosan**

Saking andharan ing nginggil, wonten watesan istilah ingkang dipunginakaken antawisipun.

### **1. Referensi**

Salah satunggaling jinis *kohesi gramatikal* ingkang gadhah fungsi kangge nedahaken taksih wontenipun gegayutan antawisipun ukara satunggal kaliyan ukara satunggalipun dipunsebat *referensi*. Sumarlam (2010: 23) ngandharaken bilih adhedhsar papan *pengacuan teks*, *acuan* menika kaperang dados kalih jinis inggih menika *referensi endofora* saha *referensi eksofora*. *Referensi endofora* tegesipun *acuanipun* wonten ing salebeting *teks*. Wondene *referensi eksofora* menika *acuanipun* wonten ing merujuk dhateng njawi *teks*.

### **2. Referensi Endofora**

*Referensi endofora* inggih menika *acuan* ingkang dipunsebataken wonten ing salebeting *teks*. *Referensi* menika kaperang dados kalih inggih menika *referensi endofora (anafora)* saha *referensi endofora (katafora)*.

### **3. Referensi Eksofora**

Miturut pamanggihipun Mulyana (2005: 16) bilih *referensi eksofora* *adalah penunjukan atau interpretasi terhadap kata yang relasinya terletak dan tergantung pada konteks situasional*.

*Referensi eksofora* gadhah fungsi kangge ngandharaken *acuan* ingkang boten sinebut wonten ing pirembagan kanthi langsung, ananging taksih wonten gegayutanipun kaliyan suraosing wacana menika.

#### 4. **Kalawarti *Panjebar Semangat***

Kalawarti *Panjebar Semangat* inggih menika salah satunggaling kalawarti ingkang ngginakaken basa Jawi. Kalawarti menika dipunterbitaken wonten ing tlatah Surabaya. Kalawarti menika terbit seminggu sepindah. Kalawarti menika miyos tanggal 2 September 1933 dening Dr. Soetomo. Wonten ing salebeting kalawarti menika kathah *artikel* ingkang dipunandharaken, salah satunggalipun inggih menika cerbung utawi cariyos sambung.

#### 5. **Cariyos Sambung (Cerbung)**

Cerbung utawi cariyos sambung minangka salah satunggaling jinis karya sastra *prosa* ingkang dipunandharaken mawi urutan setunggal mbaka setunggal wonten ing kalawarti utawi layang kabar. Perkawis ingkang dipunandharaken wonten ing salebeting cerbung menika tansah dipuntugel utawi dipunpedhot dening pangripta, Sudjiman (1984: 14). Cariyos sambung menika ingkang nyariosaken lampahing tiyang ing pagesangan, kathah perkawis – perkawis ingkang dipunginakaken saengga saged narik kawigatosanipun para pamaos.

Cariyos wonten ing cerbung padatanipun dipunpenggal dening pangripta ing perangan ingkang narik kawigatosan saengga dadosaken pamaos kepingin mangertos kadospundi terasan cariyosipun ing satunggaling kalawarti *edisi* saklajengipun. Jinis andharan ingkang kados menika dadosaken cerbung gadhah istilah ingkang dipunsebut *roman berangsur*, Sudjiman (1988: 14).

## BAB II

### GEGARAN TEORI

#### A. Wacana

Wacana menika asalipun saking tembung *wac/wak/vak* ingkang tegesipun ngendika, Douglas (lumantar Mulyana, 2005: 3). Tembung *wac* menika pikantuk panambang *-ana* saengga dados wacana. Mila wacana menika gadhah teges *tuturan* (Poerwadarminta, 1939: 658). Miturut Webster (lumantar Sumarlam, 2010: 17) ngandharaken bilih wacana menika ngewrat satunggaling *gagasan* utawi pamanggih. Dados wonten ing salebeting tuturan menika ngewrat satunggaling gagasan ingkang badhe dipunandharaken kangge tiyang sanes.

Miturut satuan *linguistik*, wacana menika tataranipun paling inggil tegesipun menawi dipuntingali saking *struktur* wacana, kedudukan wacana menika wonten sainggilipun ukara. Bab menika gayut kaliyan pamanggihipun Tarigan (1987: 27), bilih satuan basa wonten ing ngandhapipun wacana inggih menika ukara, *klausa*, *frasa*, tembung, *morfem* saha *fonem*. Mila wacana menika satuan basa ingkang langkung jangkep saking ukara utawi *klausa*. Rani, dkk (2004: 3) ngandharaken bilih *proses* pandhapuking wacana menika saking rantaman swanten ingkang ngasilaken tembung, saking rantaman tembung saged ngasilaken *frasa*, saking rantaman *frasa* saged ngasilaken ukara, ingkang pungkasan saking reroncening ukara menika saged ngasilaken satunggaling wacana. Mila wacana menika *unit* satuan basa ingkang langkung ageng.

Ananging satunggaling tembung menika saged dipunsebat wacana. Amargi tembung menika ngewrat satunggaling makna ingkang wetah, *informasi* ingkang dipunandharaken cetha, saha jumbuh kaliyan *konteksipun*. Saengga tembung menika saged madeg piyambak minangka satunggaling wacana. Bab menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Nababan (lumantar Mulyana, 2005: 9) bilih satunggaling *teks* menika sifatipun *kontekstual*. Hoed (lumantar Rani dkk, 2004: 6) ngandharaken bilih *konteks* ingkang dipunmaksud menika *unsur* basa ingkang dipunrujuk dening satunggaling tuturan. Pramila *teks* menika minangka *realisasi* satunggaling wacana.

Mulyana (2005: 6) ngandharaken bilih wacana minangka satuan *gramatikal* ugi objek kajian *linguistik* ingkang ngewrat sedaya *unsur* basa ingkang dipunbetahaken nalika *komunikasi*. Satuan basa ingkang jangkep menika saged dipunandharaken mawi karangan ingkang wetah (*novel*, buku, *seri ensiklopedia* lsp), *paragraf*, ukara utawi tetembungan ingkang ngewrat amanat ingkang jangkep, Kridalaksana (lumantar Tarigan, 1987: 25). Wacana menika dipunwastani jangkep tegesipun bilih satunggaling wacana menika ngewrat gagasan utawi *ide* ingkang wetah ingkang saged dipunmangertosi dening tiyang sanes.

Gegayutan kaliyan menika Keraf (1995: 4) nambahaken bilih ingkang dipunsebat wacana inggih menika wujud basa ingkang sainggilipun ukara ingkang ngewrat *tema* tartemtu. Dados *tema* minangka salah satunggaling titikanipun satunggaling wacana. Adhedhasar gagasan utawi *konsep* menika temtunipun wacana kedah nggatosaken *tema*.

Saking pamanggihipun para ahli ing nginggil, saged dipundamel dudutanipun bilih wacana menika minangka tuturan ingkang dipunginakaken minangka sarana *komunikasi* kangge ngandharaken gagasan. Wacana minangka satuan basa ingkang jangkep. Jangkep menika tegesipun wacana kadhapukan saking *satuan lingual* basa ingkang ndayani satunggaling wacana menika kadadosan. Menawi dipuntingali saking *strukturipun*, kedudukan wacana wonten ing sainggilipun ukara utawi *klausa*.

Miturut Mulyana (2005: 47) wujudipun wacana kaperang dados pitu inggih menika *naratif, procedural, ekspositori, hortatori, dramatik, epistoleri, seremonial*. Menawi miturut sifatipun, wacana kaperang dados kalih inggih menika wacana *fiksi* saha *nonfiksi*. Miturut sarana ingkang dipunginakaken, wacana kaperang dados kalih inggih menika wacana lisan saha wacana sinerat. Wondene miturut cacahipun penutur, wacana dipunperang dados kalih inggih menika wacana *dialog* saha wacana *monolog*.

Cook (lumantar Rani dkk, 2004: 5) ngandharaken bilih wacana menika panganggening basa wonten ing tindak *komunikasi* lisan saha *komunikasi* ingkang sinerat. Tuladhanipun panganggening basa awujud *iklan, drama, pacelathon, diskusi, tanyajawab, layang, makalah, tesis*. Minangka satuan basa ingkang jangkep, mila wacana menika ngewrat *konsep*, gagasan utawi *ide* ingkang wetah. Saengga *informarsi* ingkang badhe dipunandharaken menika, saged dipunmangertosi dening pamaos wonten wacana ingkang sinerat saha pamireng wonten ing wacana lisan (Chaer, 2012: 267).

Saking andharan menika saged dipuntingali bilih miturut sarana ingkang dipunginakaken wonten pasrawungan ing masarakat, wacana saged dipunperang dados kalih inggih menika wacana lisan kaliyan wacana ingkang sinerat. Wacana lisan menika salah satunggaling jinising wacana ingkang dipunandharaken mawi lisan utawi langsung. Tuladhanipun pawicantenan, pidato, khutbah, saha siaran langsung TV utawi radio.

Wacana lisan menika wujudipun tuturan. *Unsur* ingkang wonten ing wacana lisan kedah wonten tiyang ingkang ngendika utawi penutur saha mitra tutur utawi tiyang ingkang dipunajak guneman. Wondene wacana ingkang sinerat inggih menika jinising wacana ingkang dipunandharaken lumantar seratan. Tuladhanipun pawarta, *artikel*, *novel*, cerkak, cerbung, makalah lan sanesipun. Wacana sinerat menika wujudipun *teks*. *Unsur* ingkang kedah wonten ing salebeting wacana sinerat inggih menika panyerat saha pamaos.

Wacana lisan saha wacana ingkang sinerat menika saged dipunwastani sae saha wetah menawi *unsur- unsur* ingkang dipunginakaken menika *kohesif* saha *koheren*. *Kohesi* saha *koherensi* menika *unsur* ingkang wigatos wonten ing salebeting wacana. *Keutuhan struktur* satunggaling wacana menika dipuntemtokaken saking kalih *aspek* menika.

Mulyana (2005: 5) ngandhraken beda antawisipun wujud wacana kaliyan ingkang boten kalebet wujud wacana inggih menika:

*“Unsur pembeda antara bentuk wacana dengan bentuk bukan wacana adalah pada ada tidaknya kesatuan makna (organisasi semantis) yang dimilikinya. Oleh karenanya, kriteria yang relatif paling menentukan dalam wacana adalah keutuhan maknanya. Ketika seseorang disuatu warung makan mengatakan “soto, es jeruk, dua” ucapan itu dapat dimaknai sebagai wacana karena mengandung keutuhan makna yang lengkap. Keutuhan itu tersirat dalam*



*hal-hal berikut : 1) urutan kata ditata secara teratur, 2) makna dan amanatnya berkesinambungan, 3) diucapkan ditempat yang sesuai (kontekstual), dan 4) antara penyapa dan pesapa saling memahami makna tuturan singkat tersebut (mutual intelligibility).*

Tuladhanipun ukara “*Soto, es jeruk, dua*” ukara ing nginggil menika kalebet wacana amargi gadhah *keutuhan* makna ingkang jangkep. *Keutuhan* makna ingkang wonten ing ukara menika antawisipun makna saha amanat ingkang badhe dipunandharaken saged dipuntampi kanthi cetha. Ukara menika dipunandharaken wonten panggenan ingkang trep kaliyan kawontenanipun, lajeng tiyang ingkang ngendika kaliyan pamireng sami-sami mangertos makna utawi maksud saking tuturan menika. Babagan ingkang kaandharaken ing nginggil menika wonten ing kajian *linguistik* kalebet bab *keutuhan struktur* wacana.

Wosing wacana minangka satunggaling bab ingkang wigati sanget, amargi tiyang saged mangertosi *informasi* ingkang dipunbetahaken. Kangge manggihaken *informasi* ingkang wetah menika, pamaos utawi pamireng ugi kedah dipunbiyantu kaliyan *kemampuan* saha cara tartemtu. *Kemampuan* menika wonten gegayutanipun kaliyan kawruh *umum* satunggaling tiyang anggenipun *nganalisis* wacana. Wondene cara menika awujud *prinsip-prinsip* pemahaman wacana. *Prinsip* ingkang dipunmaksud menika awujud *prinsip analogi* saha *prinsip penafsiran lokal* (Mulyana, 2005: 70).

Satunggaling wacana menika sejatosipun ngewrat satunggaling kawruh saha *informasi*, ingkang kadangkala boten saged dipunmangertosi dening pamaos utawi pamireng kanthi sae. Saengga dipunbetahaken *prinsip analogi*. *Prinsip*

*analogi* menika dipunanjuraken dhateng para pamaos saha pamireng utawi sinten kemawon ingkang badhe *nganalisis* satunggaling wacana lisan saha wacana sinerat, kedah nyamektakaken kawruh umum utawi *wawasan* kangge *nganalisis* satunggaling wacana. *Prinsip analogi* menika saged ngandharaken perkawis ngengingi basa ingkang dipunginakaken wonten ing masarakat. Wondene *prinsip penafsiran lokal* inggih menika wonten gegayutanipun kaliyan *konteks*. *Konteks* ingkang dipunmaksud inggih menika wilayah, *area*, *lokal (setting)* ingkang ndayani wacana menika kadadosan.

Miturut pamanggihipun Mulyana (2005: 70) bilih satunggaling wacana menika ugi ngewrat satunggaling *unsur*. *Unsur* menika kaperang dados kalih inggih menika *unsur internal* kaliyan *unsur eksternal*. *Unsur internal* ingkang wonten ing wacana antawisipun *teks*, *koteks*, *tema*, *topik*, *judul*, *aspek leksikal (sinonim, antonym, hiponim, repetisi, kolokasi, ekuivalensi)*, *gramatikal (referensi, substitusi, ellipsis, saha konjungsi)*, wondene *unsur eksternal* menika antawisipun *implikatur*, *presuposisi*, *inferensi*, saha *konteks* ingkang ndayani kawontenanipun tuturan utawi wacana. Sedaya *unsur* menika dipunbetahaken kangge mujudaken satunggaling wacana ingkang sae saha wetah. Bab *keutuhan struktur* wacana badhe kaandharaken wonten bab salajegipun.

## **B. Keutuhan Wacana**

Adhedhasar pangertosan wacana, bilih wacana menika minangka *satuan gramatikal* ingkang jangkep, *keutuhan* satunggaling wacana menika dipuntingali saking *keutuhan struktur* wacana kasebut. Tegesipun *satuan gramatikal* ingkang

ndayani satunggaling wacana menika *padu*. Moeliono (lumantar Djajasudarma, 2012: 3) ngandharaken bilih wacana menika rentetan ukara ingkang nggayutaken *proposisi* setunggal kaliyan *proposisi* sanesipun, saengga saged nuwuhaken satunggaling satu kesatuan. *Keutuhan* wacana menika ingkang ndayani pamaos utawi pamireng menika mangertosi menapa wosing wacana. *Kohesi* saha *koherensi* minangka *unsur* ingkang ndayani satunggaling wacana menika *padu* saha wetah (Djajasudarma, 2012: 39).

*Teks* wonten ing salebeting wacana menika kedah *kohesif* saha *koheren* saengga saged ngasilaken *informasi* ingkang cetha. Mulyana (2005: 26) ngandharaken bilih *kohesi* menika wonten gegayutanipun kaliyan wujud. Tegesipun *unsur-unsur* wacana (tembung utawi ukara) ingkang dipunginakaken kangge mujudaken satunggaling wacana kedah *padu* saha wetah. Tegesipun *padu* menika wonten gegayutan antawisipun ukara setunggal kaliyan ukara sanesipun.

Tarigan (1987: 96) ngandharaken bilih *kohesi* minangka *organisasi sintaksik*, tegesipun *mencakup* ukara-ukara ingkang dipunrantam *padu* kangge ngasilaken satunggaling tuturan. *Kohesi* menika kalebet *unsur internal* wacana. *Kohesi* wacana menika dipunperang dados kalih inggih menika *kohesi gramatikal* saha *kohesi leksikal*. *Kohesi gramatikal* inggih menika wonten gegayutanipun kaliyan wujud saha *struktur* wacana. Wondene *kohesi leksikal* gegayutan *leksikal* kaliyan *unsur-unsur* wacana kangge manggihaken *struktur kohesif*. Mulyana (2005: 29) ngandharaken bilih ancasipun ngginakaken *aspek-aspek leksikal* menika kangge nuwuhaken *intensitas* makna basa, *informasi*

ingkang cetha saha saged nambah endahing basa. *Kohesi leksikal* saged dipunwastani minangka *struktur* batin wacana.

Sumarlam (2010: 41) ngandharaken *aspek kohesi gramatikal* wonten ing salebeting wacana antawisipun *referensi (pengacuan)*, *subtitusi (penyulihan)*, *elipsis (pelesapan)*, *konjungsi (perangkaian)*. Wondene *kohesi leksikal* menika antawisipun *sinonim*, *repetisi*, *kolokasi*, *hiponimi*, *antonimi* saha *ekuivalensi*.

*Aspek keutuhan* wacana sanesipun inggih menika *koherensi*. *Koherensi* menika *kepaduan* makna ingkang saged ngasilaken *informasi* ingkang cetha. *Koherensi* menika gadhah teges *pertalian*, (Mulyana, 2005: 30). Miturut pamanggihipun Tarigan (1987: 32) wonten ing *konsep kewacanaan*, *pertalian* menika tegesipun *pertalian* makna utawi wosing ukara. Samiati (lumantar Mulyana, 2005: 30) ngandharaken bilih titikanipun wacana ingkang *koheren* inggih menika kasusun kanthi teratur saha amanatipun rapi, saengga makna ingkang badhe dipunandharaken menika saged *dipuninterpretasikan* dening pamaos utawi pamireng. Lubis (1991: 99) ngandharaken bilih *koherensi* inggih menika gegayutan antawisipun ukara setunggal kaliyan ukara sanesipun wonten ing satunggaling wacana menika kompak.

*Keutuhan koheren* menika saged dipuntingali saking gegayutan antawisipun makna setunggal kaliyan makna sanesipun, saking sedayanipun menika saged nuwuhaken makna ingkang wetah. Kawontenan *aspek koherensi* menika sejatosipun boten namung wonten ing *teks*, ananging ugi dipuntingali saking

kemampuan pamaos utawi pamireng anggenipun *menginterpretasikan* makna, saengga mangertosi *informasi* ingkang dipunandharaken.

Saking pamanggihipun para ahli menika, saged dipundamel dudutanipun bilih wacana ingkang sae menika wacana ingkang *kohesif* saha *keheren* saengga para pamaos menika saged mundhut *informasi* ingkang dipunandharaken. Kekalihipun minangka *aspek* ingkang nemtokaken *struktur* wacana menika jangkep saha wetah maknanipun. Wacana saged dipunwastani wetah menika menawi *antar proposisi* menika wonten gegayutanipun. Menawi *antar proposisi* boten wonten gegayutanipun, tegesipun makna saha *informasi* ingkang wonten ing salebeting wacana menika boten jangkep saha wetah.

### C. *Kajian Wacana*

Kados ingkang sampun dipunandharaken wonten ing pangertosan wacana ing nginggil. Wacana lisan saha wacana ingkang sinerat menika ngewrat *unsur-unsur* satuan basa ingkang wonten ing ngandhapipun kadosta *fonem, morfem, tembung, frasa, klausa* utawi ukara. Saengga ingkang dados titikanipun bilih *kajian* wacana menika ugi ngrembag babagan *unsur* basa wonten ing salebeting wacana.

Gegayutan kaliyan menika Soetikno (1996: 1) ngandharaken bilih *Analisis* wacana menika minangka *anlisis* basa ingkang dipunginakaken wonten ing salebetipun wacana. Bab menika amargi wacana kadadosan saking rantaman ukara ingkang *padu*. Rani, dkk (2004: 9) ngandharaken bilih *analisis* wacana minangka *disiplin* ilmu ingkang naliti panganggening basa wonten ing tindak

*komunikasi*. Cook (lumantar Badara, 2012: 16) ngandharaken bilih panganggening basa wonten ing *komunikasi* menika saged awujud lisan utawi saged awujud seratan. Mila wujud *data* wonten ing *analisis* wacana inggih menika saged wacana lisan utawi wacana sinerat.

Stubbs (lumantar Mulyana, 2005: 69) ngandharaken bilih *analisis* wacana nedahaken satunggaling kupiya ingkang naliti aturan basa ing nginggilipun *klausa* saha ukara, ananging ugi naliti bab satuan-satuan basa ingkang langkung wiyar. Bab menika kadosta basa ingkang dipunginakaken ing pawicantenan utawi basa sinerat. Wujud *data* wacana lisan ugi seratan menika ugi kedah nggatosaken *konteksipun*. Saengga *analisis* wacana ugi nggatosaken basa kaliyan *konteks*, mliginipun gegayutan antawisipun tiyang ing pawicantenan.

Gegayutan kaliyan menika Kartomihardjo (lumantar Sumarlam, 2010: 23) ngandharaken bilih *analisis* wacana menika cabang ilmu basa kangge *nganalisis unit* basa sainggilipun ukara. *Unit* menika awujud *paragraf*, *teks*, undangan, cerkak. *Data* ingkang wonten ing *kajian* wacana menika awujud *teks* lisan saha *teks* ingkang sinerat. *Teks* menika nedahaken satunggaling *transkripsi* saking reroncening ukara utawi tuturan. Ukara dipunginakaken wonten ing ragam basa ingkang sinerat, menawi *ujaran* dipunginakaken wonten ukara ragam basa lisan.

Saking andharan ing nginggil saged dipundamel dudutanipun bilih *kajian* wacana inggih menika *kajian* ingkang ngrembag panganggening basa ingkang dipunginakaken wonten ing salebeting wacana. *Data* menika saged awujud *teks* utawi tuturan ingkang dipunjumbuhaken kaliyan *konteks*. Babagan ingkang saged dipunrembag wonten *kajian* wacana inggih menika *unsur internal* saha *unsur*

*eksternal* saking wacana. *Unsur internal* antawisipun ingkang wonten ing wacana antawisipun *teks, koteks, tema, topik, irah-irahan, aspek leksikal (sinonim, antonym, hiponim, repetisi, kolokasi, ekuivalensi), gramatikal (referensi, substitusi, ellipsis, saha konjungsi), unsur eksternal* menika antawisipun *konteks*. Wondene *unsur eksternal* menika antawisipun *implikatur, presuposisi, inferensi, saha konteks* ingkang ndayani kawontenanipun tuturan utawi wacanan, (Mulyana, 2005: 70).

Salah satunggaling perkawis ingkang saged dipunrembag wonten ing wacana inggih menika babagan *referensi* utawi *pengacuan*. *Referensi* menika kalebet wonten ing aspek *kekohesifan* wacana. Wonten ing salebetipun wacana menika kadangkala dipunpanggihaken tembung utawi *satuan lingual* sanesipun ingkang boten dipunsebataken kanthi langsung wonten ing pirembaran. Bab menika ndadosaken pamaos kedah nggatosaken *konteks* tuturanipun. Babagan *referensi* badhe dipunandharaken wonten ing bab salajengipun.

#### **D. Referensi**

##### **1. Referensi**

*Referensi* menika tegesipun *acuan*. Miturut tradhisional inggih menika gegayutan tembung kaliyan barang (tiyang, tumbuhan) saha sanesipun ingkang dados rujukan, (Mulyana 2005: 15). *Referensi* miturut kaum tradhisional menika, namung ngandharaken gegayutan antawisipun basa kaliyan barang boten nggatosaken tiyang ingkang ngginakaken basa menika. Gegayutan kaliyan menika, Lyons (lumantar Widada, 1997: 5) nggambaraken ngengingi *referensi*,

bilih tembung buku menika gadhah *referen* utawi *rujukan* dhateng saperangan kertas ingkang dipunjilid kangge dipunserat utawi dipunwaos.

Wondene Lyon (lumantar Arifin, 2000: 82) ngandharaken bilih *referensi* kedah nggantosaken penuturipun, amargi penutur menika ingkang mangertos bab *referensi* ukaranipun. Pamireng utawi pamaos menika namung saged manerka menapa ingkang dipunandharaken (*direferensikan*) dening penutur wonten ing pawicantenan. *Terkaan* menika asifat *relatif* tegesipun saged leres utawi lepat, Lubis (lumantar Mulyana, 2005: 16). Saengga tugasipun pamireng saha pamaos menika mangertosi ujaran kanthi *mengidentifikasi* perangan ingkang dipunmaksud utawi dipuntunjuk wonten ing pirembaran. Kemampuan rikala *mengidentifikasi* utawi *menerka* ujaran menika kadangkala beda kaliyan maksud penutur. Soeseno (lumantar Mulyana, 2005: 16) ngandharaken bab menika jalaran perbedaan *representasi* antawisipun penutur kaliyan mitra tutur. Pramila kangge mangertosi utawi *nganalisis* wacana *referensial* menika, dipunbetahaken *knowlage of world*. Tegsesipun pegetahuan ingkang wonten ing salebeting wosing wacana.

*Referensi* utawi *pengacuan* menika salah satunggaling *unsur* ingkang nemtokaken bilih wacana menika *kohesif* menapa boten. *Referensi* menika kalebet *aspek kohesi gramatikal* satunggaling wacana. Gegayutan kaliyan menika, Sumarlam (2010: 41) ngandharaken bilih *referensi* inggih menika satunggaling jinis *kohesi gramatikal* ingkang awujud *satuan lingual* tartamtu ingkang *acuanipun* wonten ing *satuan lingual* sanesipun. Ramlan (1993: 12) ugi nambahaken bilih *referensi* menika wonten gegayutanipun kaliyan panganggening



tembung utawi kelompok tembung kangge nedahaken tembung utawi kelompok tembung utawi satuan *gramatikal* sanesipun.

Salah satunggaling jinis *kohesi gramatikal* ingkang ginanipun kangge nedahaken taksih wontenipun gegayutan antawisipun ukara satunggal kaliyan ukara satunggalipun dipunsebat *referensi*. Wonten ing basa Jawi *referensi* dipunginakaken kangge nepangaken *topik* ingkang enggal utawi negesaken *topik* ingkang taksih sami. Dados *referensi* menika ngandharaken babagan wontenipun gegayutan antawisipun ukara satunggal kaliyan ukara satunggalipun kangge nggampilaken anggenipun mangertosi maksud seratan utawi tuturan. Awit saking menika, mila wonten ing satunggaling ukara dawa kanthi jejer ingkang sami, asringipun dipunserat setunggal kemawon, panyeratanipun wonten ing wiwitan ukara lajeng boten dipunsebat malih, (Wedhawati, 1979: 17).

Saking andharan ing nginggil, *referensi* inggih menika *pengacuan* minangka salah satunggaling jinis *kohesi gramatikal* ingkang awujud *lingual* tartamtu ingkang *acuanipun* wonten ing satuan *lingual* sanesipun ingkang ginanipun kangge nedahaken taksih wontenipun gegayutan antawisipun ukara setunggal kaliyan satunggalipun. Salah satunggaling ukara ingkang wonten gegayutan kaliyan *referensi* inggih menika:

*Sinambi ngobrol aku pancen kepingin nggegulang ngelmu Jawa saka Mbah Dipa. Pisan, dheweke iku jejere wong tuwa. Kaping pindhho dheweke iku wis nate dadi abdi dalem kraton.* (Wedhawati, 2006: 605).

Pethikan ukara menika nedahaken satunggaling *referensi*. Satuan *lingual* *dheweke iku* menika, miturut wujudipun *referensi* awujud *frasa*. *Frasa* menika

miturut jinisipun *referensi* kalebet *referensi endofora anafora*. Bab menika jalaran frasa **dheweke iku** wonten ing ukara nedahaken satunggaling tiyang. Tiyang ingkang dipunmaksud menika sampun dipunsebataken wonten ing ukara saderengipun, inggih menika Mbah Dipa.

*Frasa **dheweke iku*** menika ginanipun kangge nedahaken satunggaling tiyang inggih menika Mbah Dipa, awit sampun wonten andharan saderengipun ngengingi tiyang menika. Saged dipuntingali saking tuladha menika bilih kedudukan *referensi* wonten ing salebeting wacana menika kangge nggayutaken ukara satunggal kaliyan ukara sanesipun. Saengga ukara menika *padu* saha saged nuwuhaken makna ingkang wetah.

Wonten ing salebeting *kajian* wacana mliginipun wonten ing *ruang lingkup pragmatik*, ugi kapanggihaken perkawis ingkang wonten gegayutanipun kaliyan *referensi* inggih menika *deiksis*. Purwo (1984: 1) ngandharaken bilih *deiksis* menika *pengacuan* ingkang *acuanipun* saged ewah gumantung kaliyan penutur, mitra tutur, wekdal saha papan ingkang saged ndayani pawicantenan menika kadadosan. Wondene *referensi* inggih menika satunggaling jinis *kohesi gramatikal* ingkang awujud *satuan lingual* tartamtu ingkang *acuanipun* wonten ing *satuan lingual* sanesipun, (Sumarlam, 2010: 41). Inggih dados *persamaan* inggih menika bilih wujud *data referensi* saha *deiksis* ugi awujud *satuan lingual* kadosta *morfem*, tembung saha *frasa*. Sanesipun menika wujud *acuanipun* inggih menika awujud *pronomina persona*, papan, saha wekdal.

Perkawis ingkang mbedakaken antawisipun *referensi* kaliyan *deiksis* inggih menika menawi *referensi acuanipun* wonten ingkang dipunsebataken ing *teks* ugi wonten ingkang *acuanipun merujuk* dhateng njawi *teks*. Wondene *deiksis* menika *pengacuan* ingkang *acuanipun* saged ewah gumantung kaliyan penutur, mitra tutur, papan saha wekdal ingkang ndayani pawicantenan menika kadadosan.

## 2. Jinising Referensi

Miturut pamanggihipun Sumarlam (2010: 41) adhedhasar papan ingkang nyebataken, bilih *acuan* menika wonten ingkang sinebut ing salebeting *teks* saha wonten *acuan* ingkang *acuanipun* merujuk dhateng njawi *teks*. Saengga *referensi* dipunperang dados kalih inggih menika *referensi endofora* kaliyan *referensi eksofora*.

### a. Referensi Endofora

*Referensi endofora* gadhah sifat *tekstual* utawi *acuanipun* wonten ing salebeting *teks* wacana. *Referensi endofora* menika dipunperang dados kalih inggih menika *referensi endofora (anafora)* kaliyan *referensi referensi endofora (katafora)*. *Referensi anafora* inggih menika *referensi* ingkang *acuanipun* dipuntemtokaken saking ukara ingkang wonten ing ngajengipun, menawi *referensi katafora* inggih menika *acuanipun* dipunsebataken wonten ing wingkingipun ukara.

Salah satunggaling ukara ingkang ngandharaken *referensi endofora (anafora)* saha *referensi (katafora)* inggih menika:

*Nauval* hari ini tidak masuk sekolah. **Ia** ikut ibunya pergi ke Surabaya. (Arifin, 2000: 84).

Ukara menika ngandharaken *referensi endofora (anafora)*. Satuan lingual **ia** menika menawi dipuntingali saking wujud *referensi*, awujud tembung. Tembung menika miturut jinisipun *referensi*, kalebet *referensi persona*. Bab menika jalaran tembung **ia** nedahaken satunggaling tiyang ingkang saweg dipunrembag.

Tembung menika nedahaken satunggaling tiyang ingkang *acuanipun* sampun dipunsebataken wonten ing ngajeng inggih menika Nauval. Tembung menika ginanipun kangge nggayutaken *teks* ingkang taksih nedahaken *topik* ingkang sami kaliyan ukara saderengipun. Wondene tuladha *referensi eksofora (katafora)* inggih menika:

**Buku** pewayangan sangat terkenal. **Ramayana** (Mulyana, 2005:17).

Ukara menika ngandharaken *referensi*. Tembung **buku** wonten ing ukara menika *acuanipun* dipunsebataken wonten sabibaripun ukara sepisan inggih menika **Ramayana**. Dados *referensi endofora (katafora)*, menika *acuanipun* dipunsebataken wonten ing wingking.

#### **b. Referensi Eksofora**

*Referensi eksofora* gadhah sifat *situasional* utawi *acuanipun* boten sinebut ing pirembagan kanthi langsung tegesipun *referensi eksofora* menika *acuan* ingkang *penunjukanipun* dhateng njawi *teks*. Arifin (2000: 82) ngandharaken *referensi eksofora* inggih menika *acuan* ingkang nedahaken *antaseden* ingkang boten wonten ing salebeting basa (*ekstratekstual*) kadosta tiyang, hewan, saha *acuan*

ingkang awujud padamelan. Widada (1997: 5) nambahaken bilih *referensi eksofora* inggih menika satunggaling perkawis ingkang *acuanipun* wonten njawi *teks*.

Miturut Purwoko (2008: 119) bilih *referensi eksofora* inggih menika *acuan* ingkang *merujuk* dhateng *fenomena* utawi barang ingkang wonten ing njawi *teks*. Lubis (1991: 31) ngandharaken satunggaling tuladha *referensi eksofora*, “*itu matahari*” tembung “*itu*” menika ngandharaken salah satunggaling bab utawi barang inggih menika “*matahari*” utawi srengenge. Tembung menika *acuanipun* merujuk dhateng njawi *teks*. Matahari utawi srengenge inggih menika bunderan ingkang kados bumi ingkang dados tukung padhang saha benter ing wekdal siyang (Poerwadarminta, 1939: 582). Matahari ingkang dipunmaksud menika boten wonten ing *teks*, ananging wonten ing njawi *teks*.

Miturut pamanggihipun Mulyana (2005: 16) bilih *referensi eksofora* *adalah penunjukan atau interpretasi terhadap kata yang relasinya terletak dan tergantung pada konteks situasional*. Tuladhanipun “*itu rumah*”, Tembung “*itu*” nedahaken griya utawi *rumah*. *Rumah* utawi griya inggih menika satunggaling papan ingkang dipunginakaken kangge dedunung utawi kapreluan sanes (Poerwadarminta, 1939: 450). Griya ingkang dipunmaksud menika boten wonten ing *teks*, ananging wonten ing njawi *teks*. Saking tuladha ing nginggil menika, *referensi eksofora* menika nggayutaken *teks* kaliyan satunggaling perkawis ingkang dipunrujuk ing njawi *teks*. Saengga *referensi eksofora* menika gadhah fungsi ingkang wigatos wonten ing salebeting *teks*. Amargi *referensi endofora*

saha *referensi eksofora* menika ingkang ndayani satunggaling wacana saged *padu* saha saged nuwuhaken makna ingkang wetah wonten ing salebeting wacana.

Saking andharan ing nginggil saged dipundamel dudutanipun bilih *referensi eksofora* inggih menika *satuan lingual* ingkang *acuanipun* boten sinebut wonten ing pirembagan kanthi langsung ananging *acuanipun* wonten ing njawi *teks*. Dados nggayutaken *teks* kaliyan satunggaling perkawis ingkang dipunrujuk ing njawi *teks*. Salah satunggaling ukara ingkang wonten ing cerbung inggih menika:

Konteks: Praptomo ngendika kaliyan Suryo Baskoro ngengingi tiyang ingkang damel pawarta.

*“Ra pa-pa Mas, ra pa-pa! Bapake mau mung pesen, tinimbang dicuthik, **bocah kuwi** becike disimpen bae?” (DL no.29/SPP/47).*

Ukara menika ngandharaken *referensi eksofora*. *Satuan lingual* ingkang nedahaken *referensi eksofora* menika awujud *frasa*. Frasa **bocah kuwi** menika *acuanipun* boten dipunsebataken wonten ing *teks*. *Acuanipun frasa* menika merujuk langsung dhateng njawi *teks*.

Miturut jinisipun *referensi eksofora*, frasa **bocah kuwi** kalebet jinis *referensi eksofora persona*. Frasa menika kangge nedahaken *pronomina persona*. Amargi nedahaken satunggaling tiyang ingkang wonten gegayutanipun kaliyan *konteks* pirembagan. Saengga *frasa* menika ngewrat makna *referensi eksofora*. Pramila wontenipun *referensi eksofora* saking frasa **bocah kuwi** menika saged ndadosaken makna ukara wetah. Sinaosa boten dipunsebataken wonten ing *teks*.

*Frasa* menika ginanipun kangge nggayutaken makna *referensi eksofora* kaliyan makna *teks* saengga nuwuhaken makna ingkang wetah wonten ing salebeting ukara.

Sumarlam (2010: 41) ngandharaken bilih miturut *satuan lingual* tartamtu ingkang *acuanipun* wonten ing *satuan lingual* sanesipun, bilih *referensi* saged dipunperang dados tigang jinis inggih menika *referensi persona*, *referensi demonstratif* saha *referensi komparatif*.

#### a. **Referensi Persona**

Sumarlam (2010: 41) ngandharaken *referensi persona* dipunbuktekaken lumantar tembung sesulih kangge tiyang (*pronomina persona*) ingkang antawisipun *pronomina persona* orang pertama, *pronomina persona* orang kedua, *pronomina persona* orang ketiga. Mulyana (2011: 50) ngandharaken billih wonten ing salebeting pasinaon basa Jawi ugi kaperang dados tigang jinis inggih menika sesulih purusa utama purusa (*persona pertama*), madyama purusa (*orang kedua*), pratama purusa (*orang ketiga*). Satuan *lingual* ingkang kalebet utama purusa, madyama purusa saha pratama purusa tunggal inggih menika antawisipun aku/ kula/ kowe/ panjenengan saha dheweke/ piyambakipun. Wondene utama purusa ingkang wujudipun jamak (kawula/kita), madyama purusa jamak (kowe kabeh/ panjenengan sedaya). Sesulih purusa wonten ingkang awujud *proklitik* saha *enklitik*. Sesulih purusa ingkang awujud *proklitik* inggih menika dak-/tak-, ko-/kok-, mang-. Wondene ingkang awujud *enklitik* inggih menika -ku, -mu saha -e.

Salah satunggaling ukara ingkang nedahaken *referensi persona* inggih menika:

*Namun, Sepertinya **Bu Tlasih** tidak mau menerima, ia pergi tanpa pamit.*  
(Sumarlam, 2010: 43)

Pethikan ukara menika kalebet *referensi*. Satuan lingual **ia** miturut wujudipun *referensi*, awujud tembung. Miturut jinisipun *referensi* tembung menika kalebet *referensi persona*. Bab menika jalaran tembung menika nedahaken satunggaling tiyang (*pronomina persona*) mliginipun pratama purusa.

Tembung menika nedahaken satunggaling tiyang ingkang *acuanipun* dipunsebataken wonten ing salebeting *teks*. Tiyang ingkang dipunmaksud menika Bu Tlasih. *Acuan* menika dipunsebataken wonten ing ngajengipun *teks*, mila *referensi* menika asifat *anaforis*.

Tembung menika ginanipun kangge nedahaken satunggaling tiyang, tegesipun tiyang ingkang dipunmaksud menika taksih wonten gegayutanipun kaliyan *teks* kasebut. Satuan lingual ingkang nedahaken *referensi* menika ndadosaken satunggaling *teks* menika *kohesif*.

#### **b. Referensi Demonstratif**

*Referensi demonstratif* ugi saged dipunwastani *referensi penunjuk*. Miturut Herawati, dkk (1995: 82) *Referensi demonstratif* (kata ganti petunjuk) saged dipunperang dados gangsal inggih menika *pronomina demonstratif substantif*, *demonstratif papan* (*lokatif*), *demonstratif kawontenan* utawi *deskriptif*, *demonstratif wekdal* (*temporal*) saha *demonstratif dimensional* (ukuran).



Adhedhasar gegayutan antawisipun penutur kaliyan *substantif* ingkang *dipunacu* inggih menika wonten jarak. Saengga *pronomina penunjuk substantif* menika saged kaperang dados tigang jinis inggih menika *demonstratif substantif* jarak caket (iki, kiyi, menika/punika), jarak radi tebih (kuwi, iku, niku, menika/punika), saha jarak tebih (kae, ika, nika, menika/punika).

*Pronomina demonstratif* papan ingkang *acuanipun* papan panggenan saged kaperang dados tigang jinis inggih menika papan ingkang jarakipun caket kaliyan penutur (kene, ngriki, mreng), papan ingkang jarakipun radi tebih (kono, ngriku, mrono), papan ingkang tebih (kana, ngrika, mrana). Wondene *pronomina demonstratif deskriptif* wujudipun katrangan kawontenan. Adhedhasar jarak antawisipun penutur kaliaan *acuan* menika saged kaperang dados tigang jinis inggih menika kawontenan jarak caket (ngene, ngaten, mangkene, makaten), radi tebih (ngono, mangkono), saha tebih (ngana, mangkana). *Pronomina demonstratif deskriptif* ngene, ngono, ngana dipunginakaken wonten ing ragam tutur ngoko lisan, wondene wonten ing tingkat tutur ngoko tulis ingkang dipunginakaken inggih menika tembung mangkene, mangkono, saha mangkana. *Pronomina demonstratif deskriptif* ngaten dipunginakaken wonten ing tingkat tutur madya, wondene makaten utawi mekaten dipunginakaken wonten ing tingkat tutur krama.

*Pronomina demonstratif* wekdal wujudipun *acuan* wekdal. Miturut Wedhawati (2006: 273) Adhedhasar jarak wonten *pronomina demonstratif* wekdal menika kaperang dados kalih inggih menika (1) ingkang gegayutanipun kaliyan wekdal tartemtu saha (2) ingkang wonten gegayutanipun kaliyan jangka wekdal tartemtu. Arah gerak *pronomina demonstratif* wekdal ingkang wonten

gegayutanipun kaliyan wekdal tartemtu kaperang dados kalih inggih menika *bergerak* dhateng wingking saha *bergerak* dhateng ngajeng. Tetembungan ingkang dados titikanipun inggih menika 1) *bergerak* dhateng wingking, dipunperang dados tiga inggih menika a) jarak caket kadosta ‘mau’, c) jarak radi tebih kadosta ‘wingi’, d) jarak tebih ‘dhisik’, 2) *bergerak* dhateng ngajeng, dipunperang dados sekawan jinis inggih menika a) jarak caket kadosta ‘saiki’, b) jarak radi caket kadosta ‘mengko’, c) jarak radi tebih kadosta ‘mengko’, d) jarak radi tebih kadosta ‘sesuk’, ‘sesuke’, d) jarak tebih kadosta ‘mbesuk’, ‘sukembene’. *Pronomina* ‘saiki’ *mengacu* nalika penutur ngendika wondene ‘mengko’ *mengacu* saksampunipun penutur ngendika. Ananging panganggening tembung ‘saiki’ saha ‘mengko’ saged dipunginakaken kangge nedahaken wekdal ingkang langkung dawa utawi tebih. Tuladhanipun wonten ing ngandhapa menika:

(a). *Ana sing ngendika yen saiki basa Jawa wis owah.*

(b). *Mengko sing diidham-idhamke bangsa kita bakal kelakon*

Tembung ‘saiki’ wonten ing ukara (a) menika nedahaken wekdal ingkang langkung dawa. Semanten ugi tembung ‘mengko’ wonten ing ukara (b) nedahaken wekdal ingkang langkung tebih. *Pronomina demonstratif* wekdal ingkang wonten gegayutanipun kaliyan jangka wekdal tartemtu saged dipuntitiki kaliyan tembung ‘seprana’ saha tembung ‘seprene’. Tembung ‘seprana seprene’ dipunginakaken wonten ing tingkat tutur ngoko, wondene wonten ing tingkat tutur krama ingkang dipunginakaken inggih menika tembung ‘seprika sepriki’.

*Pronomina demonstratif dimensional* menika wujudipun ukuran utawi jumlah. Adhedhasar jarak antawisipun penutur kaliyan *acuanipun* menika saged

kaperang dados tigang jinis inggih menika *pronomina demonstratif* ukuran jarak ingkang caket (semene, semanten), ukuran radi tebih (semono, semanten), saha ukuran tebih (semana, semanten). Tetembungan menika dipunginakaken minangka *penunjuk* ukuran dawa, wiyar, dhuwur, ageng, abot, tebih, saha wosing satunggaling barang.

Gegayutan kaliyan *referensi demonstratif*, Sumarlam (2010: 44) ngandharaken bilih *referensi demonstratif* menika kaperang dados kalih inggih menika *demonstratif* wekdal saha *demonstratif* papan. *Pronomina demonstratif* wekdal kaperang dados tiga jinis inggih menika wekdal samenika utawi saweg kadadosan (samenika, saiki, wekdal menika), wekdal sampun kadadosan (kalawingi, rumiyin, mau, biyen, ndhisik), wekdal dereng kadadosan (benjing, benjing ben, mengko, samengko, mbesuk, sukmben).

*Demonstratif* papan kaperang dados sekawan jinis inggih menika papan ingkang caket kaliyan penutur (kene, mrene), papan ingkang radi tebih (kono, mrono), papan ingkang tebih saking penutur (kana, mrana) saha papan ingkang nedahaken kanthi langsung utawi *eksplisit* kadosta Sala, Yogya.

Salah satunggaling ukara ingkang ngandharaken *referensi demonstratif* inggih menika:

*Biyen **sakiwa tengene Srunggo** isih wujud alas gung liwang liwang, ing **kono** ora tinemokake warga masarakat, kejaba Mbah Kyai Srungga.* (Wedhawati, 2006: 606)

Ukara menika ngandharaken *referensi demonstratif*. Satuan lingual ***kono*** miturut wujudipun *referensi*, awujud tembung. Miturut jinisipun *referensi*,

tembung kono kalebet jinis *referensi demonstratif* papan. Tembung kono menika nedahaken satunggaling papan. Papan ingkang dipunmaksud menika *acuanipun* sampun dipunsebataken wonten ing ngajeng *teks* inggih menika sakiwa tengene Srunggo. Saengga *referensi* menika asifat *anaforis*.

Fungsi *satuan lingual* ingkang nedahaken *referensi* menika kangge ngandharaken bilih *topikipun* taksih sami kaliyan ukara saderengipun, saengga saged nuwuhaken ukara ingkang *kohesif*.

### c. *Referensi Komparatif*

*Referensi komparatif* inggih menika satunggaling jinis *kohesi gramatikal* ingkang sifatipun nandhingaken kalih perangan utawi langkung ingkang makna utawi suraosipun sami. Perangan ingkang dipuntandhingaken menika saged dipuntingali saking wujud, sifat, watak saha tindak tandukipun. Ukara-ukara ingkang kalebet kategori *pronomina komparatif* antawisipun *sama*, *persis*, *identik*, *serupa*, lan sanesipun. Tuladha *referensi eksofora komparatif* inggih menika:

*Sudah dua tahun Ali ditinggal mati Sumiati. Sekarang dia mendapat pacar baru. Mirip benar dengan Sumiati, gadis yang pernah dicintainya.*  
(Arifin dkk, 2000: 88)

Pethikan ukara ing nginggil menika ngandharaken *referensi*. *Satuan lingual mirip* menika miturut wujudipun *referensi*, awujud tembung. Miturut jinisipun *referensi* tembung menika kalebet *referensi komparatif*. Bab menika jalaran tembung menika nandhingaken satunggaling perkawis. Perkawis ingkang dipuntandhingaken inggih menika ngengingi pacanganipun Ali ingkang pasuryanipun kadosdene Sumiati.

### 3. Wujud Referensi Eksofora

Kados ingkang sampun dipunandharaken bilih wacana menika satuan *gramatikal* ingkang jangkep. Tegesipun sedaya unsur basa kadosta *morfem*, *fonem*, *tembung*, *frasa*, *ukara*, *klausa* saha *paragraf* wonten ing salebeting wacana.

Wedhawati (2006: 31) ngandharaken bilih wujud *satuan lingual* wonten ing aturan ukara utawi *sintaksis* inggih menika *ukara*, *klausa*, *frasa*, saha *tembung*. Ukara minangka *abstraksi* saking tuturan, inggih menika menapa ingkang dipuntuturaken dening tiyang menika dipunsertai kaliyan *intonasi*, *nada*, saha *tekanan* tartemtu minangka asiling *aktivitas organ* pawicantenan.

Wujud *referensi eksofora* menika wonten gegayutanipun kaliyan wujud *konstruksi sintaksis*. *Konstruksi sintaksis* ingkang dipunmaksud inggih menika *frasa*, *klausa* saha *ukara*, (Suhardi, 2013: 34). Saking pamanggihipun para ahli saged dipundamel dudutanipun bilih wujud *referensi eksofora* inggih menika saged awujud *tembung*, *frasa* saha *klausa*.

Mulyana (2011: 7) ngandharaken bilih *morfem* inggih menika satuan *gramatikal* ingkang langkung alit ananging gadhah *pola-pola* tartemtu. Mulyana (2011: 9) nambahaken bilih wonten ing basa Jawi *morfem* dipunperang dados kalih inggih menika *morfem bebas* saha *morfem terikat*. *Morfem bebas* menika tegesipun saged madeg piyambak. Tuladhanipun satuan omah ‘griya’ saged madeg piyambak saha gadhah makna *leksikal* ingkang cetha. Wondene *morfem terikat* inggih menika *morfem* ingkang boten saged madeg piyambak.

Tuladhanipun {*sa-*} utawi {*-e*} menika wujud *morfem terikat*, boten gadhah teges saha boten saged madeg piyambak. Wujud menika saged gadhah makna menawi dipungabung kaliyan wujud bebas. Kados ingkang sampun kaandharaken menawi *omah* menika wujud *morfem bebas*. Menawi dipungabung kaliyan *morfem ikat* saengga ngasilaken ‘saomah’ ingkang nuwuhaken teges inggih menika ‘setunggal griya’. Menawi dipungabung kaliyan {*-e*} ngasilaken ‘omahe’ ingkang tegesipun ‘griyanipun’, Mulyana (2011: 9).

Miturut Wedhawati (2006: 37) ngandharaken bilih tembung inggih menika satuan ingkang langkung alit wonten ing tataran ukara. Wonten ing tataran *morfologi* tembung menika minangka satuan ingkang langkung ageng, wondene *morfem* menika satuan ingkang alit, Nurhayati (2001: 4). Wondene miturut Suhardi (2013: 34) *frasa* inggih menika kelompok tembung awit *frasa* menika kadadosan saking kalih tembung utawi langkung ingkang wujudipun bebas. Chaer (2012: 222) ngandharaken bilih *frasa* menika minangka gabungan tembung ingkang *mengisi* salah satunggaling *fungsi sintaksis* wonten ing salebeting ukara. Wondene *klausa* inggih menika satuan *gramatikal* ingkang wujudipun kelompok tembung, sakirang kirangipun kadadosan saking jejer saha wasesa. *Klausa* menika gadhah kalodhangan dados ukara, Kridalaksana (2001: 110).

Tuladhanipun wujud *referensi eksofora* ingkang wonten ing cerbung inggih menika:

Konteks: Ki Purboyono duka nalika tledhek Indah Darwati dipunpajang wonten koran dening salah satunggaling reporter *Cahaya Kita*.

“Ya wis ngerti, Jeng! Sengara reportere Anoroga umpamane, nulis ing Cahaya Kita! Karepku, cah iku dituku pira dening Indah Darwati?”  
(DL no.37/SPP/1)

Ukara menika kalebet jinis *referensi eksofora*. Satuan lingual cah iku wonten ing ukara menika wujudipun *frasa*. Bab menika jalaran *frasa* menika kadhapukan saking kalih *unsur*. *Unsur* inti saking *frasa* menika inggih menika cah utawi bocah wondene tembung iku menika minangka *unsur atribut*, Sudibyo (2001: 127). *Frasa cah iku* menika dipuntingali saking jinis *referensi eksofora* kalebet jinis *referensi eksofora persona*, tegesipun *frasa* menika nedahaken satunggaling tiyang ingkang taksih wonten gegayutanipun kaliyan *konteks* pirembaran.

*Frasa* menika *acuanipun* boten wonten ing salebeting *teks* awit boten wonten andharan saderengipun, ananging *frasa* menika *acuanipun merujuk* utawi *merefer* dhateng njawi *teks*. *Frasa* menika nedahaken tiyang ingkang wonten gegayutanipun kaliyan makna *teks*. *Frasa* menika ginanipun kangge nggayutaken makna *referensi eksofora* kaliyan makna *teks*, saengga nuwuhaken makna ingkang wetah wonten salebeting ukara.

#### **4. Fungsi Referensi Eksofora**

Kados ingkang sampun dipunandharaken ing nginggil menika bilih *referensi eksofora* inggih menika ngandharaken *acuan* ingkang *merujuk* dhateng njawi *teks*, awit *referensi eksofora* menika boten sinebut wonten ing pirembaran kanthi langsung. Ananging taksih wonten gegayutanipun kaliyan suraosing wacana menika.

Adhedhasar *fungsi kewacanaan, referensi eksofora* menika minangka jejangkep kangge nuwuhaken wacana ingkang *kohesif saha koheren*. Tegesipun bilih *referensi eksofora* menika ngandharaken *pengacuan* ingkang *acuanipun* wonten njawi *teks*, saengga *referensi eksofora* menika ngewrat satunggaling makna. Saking makna *referensi eksofora* menika saged ngandharaken wosing *teks*. Saengga saged nuwuhaken satunggaling ukara ingkang maknanipun wetah.

Fungsi *Referensi eksofora* ugi saged nedahaken (1) tembung sesulih (*persona*), (2) kangge nedahaken papan (3) kangge nedahaken satunggaling prastawa (4) kangge nedahaken satunggaling kawontenan (5) kangge nedahaken satunggaling bab ingkang sifatipun nandhingaken kalih perangan utawi langkung ingkang makna utawi suraosipun sami. Sedaya *acuan* menika sejatosipun kangge nggayutaken makna *referensi eksofora* kaliyan makna *teks*, saengga saged nuwuhaken makna ukara ingkang wetah. Tegesipun *informasi* ingkang dipunadharaken dening penutur utawi pangripta menika saged dipuntampi dening pamireng utawi pamaos kanthi sae. Tuladhanipun fungsi *referensi eksofora* wonten ing cerbung inggih menika:

Konteks: Suryo Baskoro ngendika kaliyan Ir. Murdanu badhe ngirim anak buah dhateng Murdanu.

*“O serius, aku dak ngirim anak buah bae. **Bocahe** sing rada idealis ngono lho Mas, ning isih polos! Ya wis, sesuk bar senam pagi, kira-kira jam 08.00 esuk ya Mas? Oke!” (DL no.4/SPP/38).*

Ukara ing nginggl menika nedahaken *referensi eksofora*. *Satuan lingual **bocahe*** menika miturut wujudipun *referensi eksofora* awujud tembung. Tembung



menika miturut jinisipun *referensi* kalebet *referensi eksofora persona*. Bab menika jalaran tembung menika nedahaken tiyang ingkang saweg dipunrembag wonten ing pawicantenan.

Tembung ***bocahe*** menika *acuanipun menunjuk* langsung dhateng *njawi teks*, awit boten wonten andharan ngengingi tiyang menika. Adhedhasar *konteks* pirembaran, tiyang ingkang dipunmaksud menika andhahanipun Suryo Baskoro. Tembung menika taksih wonten gegayutanipun kaliyan makna *teks*.

Tembung ***bocahe*** menika ngewrat makna *referensi eksofora* ingkang wonten gegayutanipun kaliyan makna *teks*. Tegesipun mitra tutur mangertosi tiyang ingkang dipunmaksud dening penutur. Pramila wontenipun *referensi eksofora* saking tembung ***bocahe*** ndadosaken makna wacana kasebut wetah, sinaosa boten dipunsebataken wonten ing ukara. Tembung menika ginanipun kangge nggayutaken makna *referensi eksofora* kaliyan makna *teks* saengga nuwuhaken makna ingkang wetah wonten ing salebeting ukara.

### **E. *Cerbung***

Cerbung utawi cariyos sambung minangka salah satunggaling jinis karya sastra *prosa* ingkang dipunandharaken mawi urut setunggal mbaka setunggal wonten ing kalawarti utawi layang kabar. Perkawis ingkang dipunandharaken wonten ing salebeting cerbung menika tansah dipuntugel utawi dipunpedhot dening pangripta, Sudjiman (1984: 14). Cariyos wonten ing cerbung padatanipun dipunpenggal dening pangripta wonten ing perangan ingkang narik kawigatosan

saengga dadosaken pamaos kepingin mangertos kadospundi terasan cariyosipun ing satunggaling kalawarti *edisi* saklajengipun. Jinis andharan ingkang kados menika dadosaken cerbung gadhah istilah ingkang dipunsebut *roman berangsur*.

Sudjiman (1986: 53) ugi nambahaken bilih cerbung inggih menika karangan *fiktif* ingkang dawa saha *komplek* ananging boten dawa kadosdene novel. Cariyos sambung menika ingkang nyariosaken lelampahing tiyang ing pagesangan, kathah perkawis – perkawis ingkang dipunangkat saengga saged narik kawigatosanipun para pamaos. Cerbung ingkang badhe dipuntliti wonten panaliten menika wonten kalih irah-irahan inggih menika cerbung *Sang Pangeran Pati* anggitanipun Fitri Gunawan saha cerbung *Getih Sri Panggung* anggitanipun Kukuh S. Wibowo. Cerbung kekalihipun dipunterbitaken wonten kalawarti *Panjebar Semangat*.

Cerbung kanthi irah-irahan *Sang Pangeran Pati* menika kadadosan saking 27 *edisi*. Wondene cerbung kanthi irah-irahan *Getih Sri Panggung* kadadosan saking 15 *edisi*. Perkawis ingkang dipunangkat wonten ing salebeting cerbung menika mawerni-werni. Kadosta ngengingi perkawis kadurjanan, katresnan, ugi perkawis rajapati. Saengga cerbung menika saged narik kawigatosaning pamaos. Cerbung kekalihipun menika ngginakaken basa campuran antawisipun basa Jawi ngoko kaliyan krama.

#### **F. Panaliten Inggang Laras**

Panaliten ingkang laras kaliyan panaliten menika inggih menika panalitenipun Anis Wibawanti (2009) ingkang irah-irahanpun *Referensi Eksofora*

Wonten Ing *Novelet Mbok Randha Saka Jogja* anggitanipun Suparto Brata. Panaliten menika ngrembag babagan wujud, jinis saha fungsi *referensi eksofora*. Panaliten saking Anis Wibawanti beda kaliyan panaliten menika. Bedanipun wonten ing sumber *data* ingkang dipundadosaken *objek* panaliten. Sumber *data* ingkang dipunteliti dening Anis Wibawanti inggih menika *Novelet Mbok Randha Saka Jogja*, menawi ing panaliten menika ngginakaken cerbung wonten ing kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2013. Panaliten saking Anis Wibawanti kaliyan panaliten menika sami-sami ngrembag babagan *kajian* wacana mliginipun babagan *referensi eksofora*.

### **G. Nalaring Pikir**

Basa menika ingkang ndayani *komunikasi* saged kalampahan. Awit basa menika ginanipun kangge ngandharaken pamanggih, *gagasan* utawi *konsep* dhateng tiyang sanes. Indonesia menika gadhah mawerni-werni basa daerah, salah satunggalipun inggih menika basa Jawi. Basa Jawi menika dipunginakaken dening masarakat Jawi kangge ngandharaken pamanggih minangka *proses komunikasi*. Wondene sarana ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken *gagasan* utawi pamanggih nalika *komunikasi* inggih menika saged mawi wacana lisan utawi wacana ingkang sinerat.

Wacana lisan awujud tuturan wondene wacana ingkang sinerat menika awujud seratan. Kadangkala nalika nindakaken *komunikasi* menika kathah kapanggihaken perangan ingkang boten dipunsebataken kanthi langsung, ananging perangan menika taksih wonten gegayutan kaliyan ukara saderengipun

utawi taksih ngewrat suraosing ingkang sami. Bab menika ingkang dipunwastani *referensi* utawi *pengacuan*. Perkawis menika ugi kapanggihaken wonten ing wacana ingkang sinerat, mliginipun wonten panaliten menika ingkang ngginakaken cerbung wonten ing kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2013.

*Referensi* menika kaperang dados kalih inggih menika *referensi endofora* saha *referensi eksofora*. *Referensi endofora* menika *pengacuan* ingkang *acuanipun* dipunsebataken woten ing salebeting *teks*. Wondene *referensi eksofora* menika *acuan* ingkang *penunjukanipun* dhateng njawi *teks*. Panaliten menika badhe nлити babagan *referensi eksofora* wonten ing wacana ingkang sinerat. Sumber *data* wonten panaliten menika inggih menika cerbung wonten ing kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2013. Cerbung menika kanthi irah-irahan *Sang Pangeran Pati* anggitanipun Fitri Gunawan kalajengaken cerbung kanthi irah-irahan *Getih Sri Panggung* anggitanipun Kukuh S. Wibowo.

### **BAB III**

#### **CARA PANALITEN**

##### **A. Jinising Panaliten**

Panaliten menika ngginakaken panaliten *deskriptif*. Miturut Mulyana (2005: 83) bilih panaliten *deskriptif* menika kangge ngandharaken objek panaliten kanthi menapa wontenipun *data*. Panaliti ngginakaken panaliten *deskriptif* amargi wujud *data* wonten panaliten menika awujud ukara ingkang ngewrat babagan *referensi eksofora* wonten ing salebeting cariyos sambung wonten ing kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 - 29 Juni 2013.

Dados panaliten *deskriptif* ingkang dipunginakaken wonten panaliten menika adhedhasar *data* saking objek panaliten tanpa dipunewahi. Asiling panaliten ingkang badhe dipunandharaken jumbuh kaliyan watesaning perkawis inggih menika babagan wujud, jinis saha fungsi *referensi eksofora*.

##### **B. Data saha Sumbering Data**

*Data* ingkang dipunginakaken wonten panaliten menika awujud ukara ingkang ngewrat *referensi eksofora*, ingkang wonten salebetipun ukara menika wonten satuan *lingual* kadosta tembung, *frasa* saha *klausa* ingkang ngandharaken *referensi eksofora* wonten ing cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 - 29 Juni 2013.

Sumbering *data* wonten panaliten menika, inggih menika cerbung wonten ing kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 dumugi 29 Juni 2013. Cariyos sambung ingkang badhe dipuntliti menika wonten kalih judul inggih

menika cerbung kanthi irah-irahan *Sang Pangeran Pati* anggitanipun Fitri Gunawan saha cerbung *Getih Sri Panggung* anggitanipun Kukuh S.Wibowo.

Panaliten ngginakaken sumber *data* cerbung menika amargi cariyos ingkang dipunandharaken wonten ing salebeting cerbung menika saged narik kawigatosaning para pamaos, inggih menika ngengingi perkawis kadurjanan, katresnan ugi perkawis rajapati. Ananging saking sedaya perkawis kalawau ugi kapanggihaken nilai piwulang ingkang saged dipunpendhet saking cerbung menika. Ananging ingkang langkung wigatos inggih menika wonten ing salebeting cerbung menika kapanggihaken ukara-ukara ingkang ngandharaken *referensi eksofora*.

Cerbung menika salah satungaling karya *sastra* ingkang ngginakaken basa Jawi campuran inggih menika basa Jawi ragam ngoko kaliyan krama. Ananging kathahipun ngginakaken basa ngoko, saengga saged langkung gampil anggenipun mangertosi wosing cerbung menika.

### **C. Caranipun Ngempalaken *Data***

Anggenipun ngempalaken *data* wonten panaliten menika, inggih menika kanthi *teknik* maos saha *teknik* nyerat. Miturut Sudaryanto (1993: 133) *metode* maos (simak) inggih menika cara ngempalaken *data* ingkang dipuntindakaken kanthi cara maos utawi nyemak sumbering *data* ingkang dipuntliti. *Metode* maos ingkang dipuntindakaken wonten ing panaliten menika kangge manggihaken *data* ingkang nedahaken *referensi eksofora*. Mawi *metode* maos nyemak menika dipuntindakaken kanthi tliti. Wondene *metode* nyerat menika katindakaken

kangge nyerat *data* ingkang sampun dipunpanggihaken rikala maos cerbung menika. Cara utawi langkah-langkah ngempalaken *data* inggih menika :

1. Nemtokaken sumbering *data* ingkang badhe dipuntliti. Sumbering *data* wonten panaliten menika, inggih menika cerbung wonten ing kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan wedalan 15 September 2012 - 29 Juni 2013.
2. Nyemak kanthi cara maos sumbering *data* saha nemtokaken ukara ingkang ngandharaken bab ingkang dipuntliti adhedhasar *kriteria* utawi *indikator* ingkang ngewrat babagan *referensi eksofora*. Kanthi maos ingkang premati saha tliti, kita saged ngempalaken ugi saged nemtokaken *datanipun*. *Data* menika awujud satuan *lingual* kadosta tembung saha *frasa* ingkang ngandharaken wujud, jinis, saha fungsi *referensi eksofora* ing salebeting cerbung. Kangge manggihaken tetembungan ingkang ngandharaken *referensi eksofora* kedahipun *data* ingkang ngandharaken wujud saha jinis *referensi eksofora* menika dipunlarasaken kaliyan *teori* ingkang wonten gegayutanipun kaliyan wujud saha jinisipun *referensi eksofora*. Fungsi *referensi eksofora* dipuntemtokaken saking wujud *data* ingkang nedahaken *referensi eksofora*. Salajengipun *data* ingkang dipunpanggihaken menika dipunjumbuhaken kaliyan *konteks* ukaranipun, salajengipun dipundamel dudutan bab fungsi *referensi eksofora* menika. *Teknik* maos menika dipuntindakaken kanthi premati, saengga saged manggihaken *data* ingkang dipunbetahaken wonten ing panaliten.
3. *Data* ingkang dipunpanggihaken salajengipun dipunserat. Miturut Sudaryanto (1993: 135) cara nyerat dipuntindakaken kanthi cara nyerat

*data* ingkang sampun dipunpanggihaken wonten ing *kartu data*. Salajengipun *data* menika dipunkelompokaken. *Data* ingkang sampun dipunserat wonten kertu *data* menika dipunpantha-pantha miturut wujud, jinis saha fungsi *referensi eksofora*.

#### **D. Pirantining Panaliten**

Arikunto (1996: 150) ngandharaken *instrumen* panaliten inggih menika *piranti* ingkang dipunginakaken dening panaliti kangge nuwuhaken *data*. Pirantining panaliten ingkang dipunginakaken kangge manggihaken *data* wonten panaliten menika inggih menika *tabel analisis data* ingkang ngewrat *kisi-kisi* babagan *referen eksofora*. Wondene piranti kangge mbiyantu anggenipun *mendokumentasikan data* wonten ing panaliten inggih menika kertu *data*. Kertu *data* wonten panaliten menika dipunginakaken kangge nyerat *data* ingkang badhe dipuntliti utawi *dipunanalisis*. *Data* ingkang dipunserat wonten kertu *data* menika namung wacana ingkang ngandharaken bab *referensi eksofora*, wujud, jinis saha fungsi *referensi eksofora*.

Kertu *data* menika minangka kangge mbiyantu anggenipun ngelompokaken wujud, jinis saha fungsi *referensi eksofora* ingkang wonten ing cerbung kalawati *Panyebar Semangat* wedalan 15 September 2012 - 29 Juni 2013. Kangge nemtokaken fungsi *referensi eksofora* menika, kedahipun panaliti mangertos gegayutan antawisipun ukara satunggal kaliyan ukara sanesipun. Kangge mangertosi gegayutan antawisipun ukara menika kedahipun mangertosi suraosing



utawi makna saking ukara-ukara menika, saha dipunlarasaken kaliyan *konteksipun*.

Tabel 1. : **Kertu Data**

Irah-Irahan cerbung	Sang Pangeran Pati
No. Data	1
PS Edisi/Tanggal terbit	37/15-9-2012
Data	“Mengko awan watara jam loro, Walikota ngajak sapatemon. Ning ya kuwi, sing arep dirembug apa, ora ana paugeran kang gumathok. Wong sing telepon <i>ajudane</i> . Tulung ya, samektakna <i>file-file</i> kang magepokan karo liputane <i>Cahaya Kita</i> ngenani Walikota. Bisa ta?”.
Jinis	<i>Referensi eksofora persona</i>
Wujud	Tembung
Fungsi	Tembung menika nedahaken tiyang ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i> . Tiyang ingkang dipunmaksud menika <i>ajudanipun</i> Walikota.

#### Katrangan

No : Nomer *data*

PS : *Panjebar Semangat*

Edisi : Edisi cerbung ingkang kaserat wonten ing *Panjebar Semangat*

Data : *Data* awujud wacana ingkang ngandharaken *referensi eksofora*

Jinis : Jinising *referensi eksofora*

Wujud : Wujud *referensi eksofora*

Fungsi : Ginanipun *referensi eksofora*

#### E. Caranipun Nganalisis *Data*

Cara ingkang dipunginakaken kangge *nganalisis data* wonten panaliten

menika ngginakaken cara *deskriptif*. Cara *deskriptif* menika cara panaliten ingkang ngandharaken kawontenan kanthi cetha saha menapa wontenipun (*apa adanya*). Cara utawi langkah-langkah anggenipun *nganalisis data* wonten panaliten saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika :

1. *Kategorisasi* inggih menika *data* ingkang dipunpanggihaken salajengipun dipunkelompokaken saha *dipunidentifikasi* adhedhasar *kategori* panaliten ingkang jumbuh kaliyan wosing perkawis inggih menika wujud *referensi eksofora*, *jenis referensi eksofora*, saha fungsi *referensi eksofora* ingkang wonten ing cerbung kalawarti *Panjabar Semangat* wedalan 15 September 2012 - 29 Juni 2013.
2. *Data* ingkang boten jumbuh kaliyan *kategori* panaliten *dipunreduksi*, tegesipun kanthi cara ngicalaken *data*. *Data* ingkang *dipunanalisis* inggih menika *data* ingkang jumbuh kaliyan *kategori* panaliten menika.
3. *Tabulasi*, tegesipun ngandharaken *data* ingkang dipuntliti wonten ing tabel *analisis data*.
4. *Data* ingkang sampun *dipunanalisis* lajeng dipunandharaken, saking andharan menika lajeng dipunpendhet dudutanipun.

Tabel 2. : **Format tabel analisis data**

No.	Konteks	Data	Jinis		Wujud		Fungsi Referensi Eksofora	Katrangan
			P	D	T	F		
1	2	3	4	5	6	7	8	9
1.	Prihastuti Kusumo ngendika kaliyan Suryo Baskoro bilih	“Mengko awan watara jam loro, Walikota ngajak sapatemon.	√		√		- Nedahaken tiyang ingkang merefer dhateng	Jinis : <i>referensi eksofora persona</i>

	piyambakipun dipuntipun kaliyan ajudan walikota kapurih rapat kaliyan walikota siyang menika.	Ning ya kuwi, sing arep dirembug apa, ora ana paugeran kang gumathok. Wong sing telepon <u>ajudane</u> . Tulung ya, samektakna <i>file-file</i> kang magepokan karo liputane <i>Cahaya Kita</i> ngenani Walikota. Bisa ta?".  (DL no.1/SPP/PS37.				njawi teks. - Tiyang menika ajudanipun walikota.	Wujud : tembung
--	--	--	--	--	--	--	--------------------

Katrangan :

P : *Persona*

D : *Demonstratif*

T : *Tembung*

F : *Frasa*

#### F. Cara Ngesahaken *Data*

Caranipun ngesahaken *data* wonten panaliten menika ngginakaken *uji validitas* saha *uji reliabilitas*. *Uji Validitas* ingkang dipunginakaken inggih menika *validitas semantik kontekstual* saha *triangulasi teori*. *Validitas semantik* inggih menika cara kangge ngukur *tingkat kesensitifan* makna-makna *simbolik* ingkang gayut kaliyan *konteks* (Endraswara, 2003:164). Wondene *triangulasi*

*teori* inggih menika jumbuhaken *data* asiling panaliten kaliyan *teori*. Saking panaliten menika *validitas* ingkang dipuntindakaken inggih menika njumbuhaken *data referensi eksofora* ingkang sampun dipunpanggihaken kaliyan *konteks* ukaranipun. *Aplikasi validitas semantik kontekstual* ing cerbung kalawarti *Panjabar Semangat* wedalan 15 September 2012 - 29 Juni 2013, saged dipuntingali kados tuladha ing ngandhap menika:

Konteks: Ki Purboyono duka kaliyan Prihastuti Kusumo, awit nalika tledhek Indah darwati dipunpajang wonten koran *Cahaya Kita* dening satunggaling reporter *Cahaya Kita*.

“Ya wis ngerti, Jeng! Sengara reportere Anoroga umpamane, nulis ing *Cahaya Kita*! Karepku, **cah iku** dituku pira dening Indah Darwati?”  
*nesune wong kang tilpun wis ora kena diampuh. Disok glogok.*  
*(DL no.36/SPP/1).*

Pethikan ing nginggil menika menawi dipuntegesi ngginakaken *validitas semantik kontekstual* gadhah makna bilih paraga Ki Purboyono menika duka nalika wonten satunggaling tiyang ingkang nyerat *artikel* ngengingi tledhek Indah Darwati wonten ing koran *Cahaya Kita*. Wonten ing tuladha menika tembung **cah iku** nedahaken tiyang ingkang saweg dipunrembag wonten ing pirembagan. Tiyang ingkang dipunmaksud Ki Purboyono menika salah satunggaling tiyang ingkang sampun damel *artikel* ngengingi tledhek Indah Darwati inggih menika reporter *Cahaya Kita*. *Frasa **cah iku*** menawi dipunjumbuhaken kaliyan *teori* bilih *frasa* menika nedahaken satunggaling tiyang ingkang *acuanipun merefer* dhateng njawi *teks*.

*Aplikasi triangulasi teori* menika caranipun ngesahaken *data* kanthi ngginakaken perangan tartemtu minangka tetandhingan kaliyan *data*. Ing

panaliten menika panaliti ngginakaken *triangulasi teori* inggih menika gegaran *teori* minangka pembeding. Tuladhanipun saged dipuntingali ing ngandhap menika:

Konteks: Ki Purboyono duka kaliyan Prihastuti Kusumo, awit nalika tledhek Indah darwati dipunpajang wonten koran *Cahaya Kita* dening satunggaling reporter *Cahaya Kita*.

*“Ya wis ngerti, Jeng! Sengara reportere Anoroga umpamane, nulis ing Cahaya Kita! Karepku, **cah iku** dituku pira dening Indah Darwati?” nesune wong kang tilpun wis ora kena diampuh. Disok glogok. (DL no.36/SPP/1).*

Pethikan ukara menika nedahaken *referensi eksofora persona*. Bab menika miturut teori, *frasa **cah iku*** nedahaken tiyang ingkang *merefer* dhateng njawi *teks*. Tiyang ingkang dipunmaksud menika minangka *orang ketiga* ingkang saweg dipunrembag wonten pawicantenan. Sinaosa boten dipunsebataken wonten ing *teks*.

*Reliabilitas* wonten ing panaliten menika ngginakaken *reliabilitas intrarater* saha *realibilitas interrater*. Anggenipun nindakaken *teknik reliabilitas intrarater* inggih menika kanthi cara panaliti maos kanthi premati saha ngambali ngantos ngasilaken *data* ingkang ajeg. Wondene *teknik reliabilitas interrater* dipuntindakaken mawi *konsultasi* asiling panaliten menika dhateng *ahli* ingkang mumpuni ngengingi panaliten menika, kadosta dosen pembimbing. Kanthi nindakaken *diskusi* saha *konsultasi* menika kaajab panaliten menika saged leres saha *absah*.

**BAB IV**  
**ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN**

**A. Asiling Panaliten**

Bab menika ngandharaken asiling panaliten inggih menika babagan wujud, jinis saha fungsi *referensi eksofora* ingkang wonten cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 - 29 Juni 2013.

Asiling panaliten menika dipunandharaken wonten ing tabel. Ing ngandhap menika tabel saking asiling panaliten ingkang ngrembag babagan wujud, jinis saha fungsi *referensi eksofora* ingkang wonten ing cerbung cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 - 29 Juni 2013.

**Tabel 2. Wujud, Jinis, Fungsi saha Indikator Referensi Eksofora wonten ing cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 - 29 Juni 2013.**

No.	Wujud Referensi Eksofora	Jinis Referensi Eksofora	Fungsi Referensi Eksofora	Indikator
1	2	3	4	5
1.	Tembung	<i>Persona</i>	- Nedahaken tiyang ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i> .	“Yun wis sarapan?” “Uwis, lagi rampung, aku mbontot saka omah! <b><i>Ibuku</i></b> pas masak gudheg, dadi aku sangu. Kowe pa luwe?” ( <i>DL no.10/SPP/38</i> ).
		<i>Demonstratif Papan</i>	- Nedahaken papan ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i> .	“Ora suwe sawise bali mrene, dheweke kandha arep bukak salon kecantikan, ngriyas manten, mesisan nyewakake busana resepsi.

				<p>Merga sethithik akeh Sini iku rak nduwe kawruh bab ngelmu ngadi sarira lan ngadi busana. Aku krungu-krungu kanggo pawitan bukak salon iku direwangi utang <b><i>kana kene</i></b>. Ning sangertiku, nganti dheweke tinggal donya pepingine bukak salon mau durung kasembadan.” (DL no.54/GSP/17).</p>
		<i>Demonstratif prastawa</i>	- Nedahaken satunggaling prastawa ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i> .	<p>“Oo.. dadi iki ta sing jeneng Detektif Setyawan. Sing kasil ngudhari wewadine <b><i>rajapati</i></b> ing perenging Gunung Wilis biyen kae?” (DL no.49/GSP/13).</p>
2.	<i>Frasa</i>	<i>Persona</i>	- Nedahaken tiyang ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i> .	<p>“Seneng banget mas, kawit isih SD aku penggemar berate waskitha Budaya. Wektu isih bocah aku asring diajak <b><i>bapak ibuku</i></b> mirsani Waskitha Budaya yen pinuju nobong ing Kediri. Swargi Mbak Praharsini iku sejatine klebu idholaku kawit isih bocah lho. Koleksiku kasete Waskitha Budaya ya jangkep kok.” (DL no.58/GSP/25).</p>
		<i>Demonstratif papan</i>	- Nedahaken papan ingkang <i>merefer</i>	<p>“Bagus! Supaya tenang lan ora</p>

			dhateng njawi <i>teks</i> .	kadenangan kanca-kancamu, becike garapen <b><u>neng omah</u></b> bae! Ora sah kesusu, sing wigati tliiti. Kowe biyen rak melu ta nalika ana pelatihan jurnalistik kae? Gawenen <i>depth</i> , ning <i>investigative</i> ! Ngerti ta karepku?" (DL no.20/SPP/43).
		<i>Demonstratif</i> prastawa	- Nedahaken satunggaling prastawa ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i> .	“Bagus! Supaya tenang lan ora kadenangan kanca-kancamu, becike garapen neng omah bae! Ora sah kesusu, sing wigati tliiti. Kowe biyen rak melu ta nalika ana <b><u>pelatihan jurnalistik</u></b> kae? Gawenen <i>depth</i> , ning <i>investigative</i> ! Ngerti ta karepku?" (DL no.21/SPP/43).
		<i>Demonstratif</i> kawontenan	- Nedahaken satunggaling kawontenan ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i> .	“Dakenteni neng ruwange Yuni kono lho, Mas!” “Wah, pinter kowe Bas! Parkir bae kok ya milih nggone <b><u>prawan ayu!</u></b> ” (DL no.5/SPP/38).

Saking *tabel* ing nginggil menika, saged dipuntingali menawi cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 - 29 Juni 2013 menika dipunpanggihaken jinising *referensi eksofora*, ingkang antawisipun *persona* saha *demonstratif*. *Referensi eksofora persona* ingkang dipunpanggihaken menika



nedahaken satunggaling tiyang ingkang *acuanipun merefer* dhateng njawi *teks*. Wondene *referensi eksofora demonstratif* ingkang kapanggihaken wonten ing cerbung, inggih menika *referensi eksofora demonstratif* ingkang nedahaken satunggaling papan, *demonstratif* ingkang nedahaken satunggaling prastawa saha *demonstratif* ingkang nedahaken satunggaling kawontenan. Wujudipun *referensi eksofora* ingkang kapanggihaken wonten ing cerbung menika inggih menika awujud *satuan lingual* inggih menika tembung saha *frasa*. *Referensi eksofora* ingkang wonten ing cerbung menika ugi kapanggihaken ginanipun.

## **B. Pirembagan**

Wonten ing bab menika badhe dipunandharaken pirembagan saking asiling panaliten ingkang sampun kaandharaken ing nginggil menika. Wonten ing pirembagan menika boten namung ngrembag bab wujud saha jinis *referensi eksofora*, ananging badhe dipunlajengaken kanthi ngrembag ngengingi fungsi saking *referensi eksofora*. Cara menika dipuntindakaken amargi bab fungsi *referensi eksofora* menika gadhah peranan ingkang wigatos ing salebeting ukara utawi wacana. Jinis *referensi eksofora* ingkang kapanggihaken ing cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 - 29 Juni 2013 inggih menika *persona* saha *demonstratif*.

Jinis *referensi eksofora persona* ingkang kapanggihaken wonten ing cerbung menika nedahaken satunggaling tiyang ingkang *merefer* dhateng njawi *teks*. Jinis *referensi eksofora* sanesipun inggih menika *demonstratif*. *Referensi eksofora demonstratif* ingkang kapanggihaken inggih menika *demonstratif* ingkang

nedahaken papan, *demonstratif* ingkang nedahaken satunggaling prastawa saha *demonstratif* ingkang nedahaken satunggaling kawontenan.

Wujudipun *referensi eksofora* ingkang kapanggihaken wonten ing cerbung menika antawisipun awujud *satuan lingual* inggih menika tembung saha *frasa*. Pirembagan badhe dipunandharaken ing ngandhap menika.

#### 1. *Referensi Eksofora Persona*

*Referensi eksofora persona* ingkang kapanggihaken wonten ing cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 - 29 Juni 2013 inggih menika awujud tembung saha *frasa*. Andharanipun saged dipunwaos ing ngandhap menika.

Konteks: Nalika wonten kantor, Sri Wahyuni ngendika kaliyan Basuki bilih piyambakipun ngasta gudheg damelanipun ibunipun.

(1). “*Yun wis sarapan?*”

“*Uwis, lagi rampung, aku mbontot saka omah! **ibuku** pas masak gudheg, dadi aku sangu. Kowe pa luwe?*” (DL no.10/SPP/38).

Pethikan ukara ing nginggil menika nedahaken *referensi eksofora*. *Satuan lingual **ibuku*** wonten ing ukara menika, menawi dipuntingali saking wujudipun *referensi eksofora*, awujud tembung. Tembung menika salah satunggaling *unsur* wonten salebeting wacana.

Miturut jinisipun *referensi*, tembung menika kalebet *referensi eksofora persona*. Bab menika jalaran tembung ***ibuku*** nedahaken satunggaling tiyang, tiyang ingkang dipunmaksud penutur menika *merefer* dhateng njawi *teks*. Awit boten wonten andharan ngengingi tiyang menika. Tembung ***ibuku*** menika

minangka *orang ketiga* ingkang saweg dipunrembag wonten ing pawicantenan. Tiyang ingkang dipuntegesaken inggih menika ibunipun Sri Wahyuni.

Tembung **ibuku** wonten ing pethikan nginggil menika, nedahaken tiyang ingkang dipunmaksud penutur, inggih menika ibunipun Sri Wahyuni. Tiyang ingkang dipunmaksud menika taksih wonten gegayutanipun kaliyan *konteks* ukara. Sinaosa tembung menika *acuanipun merujuk* langsung dhateng njawi *teks*.

Tembung **ibuku** menika ngewrat makna *referensi eksofora* ingkang wonten gegayutanipun kaliyan makna *teks*. Tegesipun mitra tutur mangertosi tiyang ingkang dipunmaksud dening penutur. Pramila wontenipun *referensi eksofora* saking tembung **ibuku** ndadosaken makna wacana kasebut wetah, sinaosa boten dipunsebataken wonten ing ukara. Tembung menika ginanipun kangge nggayutaken makna *referensi eksofora* kaliyan makna *teks* saengga nuwuhaken makna ingkang wetah wonten ing salebeting ukara.

*Data* sanesipun ingkang ngandharaken *referensi eksofora persona* ingkang awujud tembung inggih menika **kanca-kancamu**. Andharanipun saged dipunwaos ing ngandhap menika.

Konteks : Suryo Baskoro ngendika kaliyan Rudi, bilih Rudi Hamonangan kapurih damel tugas wonten griyanipun supados boten kadenangan kancanipun.

- (2). “*Bagus! Supaya tenang lan ora kadenangan **kanca-kancamu**, becike garapen neng omah bae! Ora sah kesusu, sing wigati tliti. Kowe biyen rak melu ta nalika ana pelatihan jurnalistik kae? Gawenen depth, ning investigative! Ngerti ta karepku?” (DL no.19/SPP/43).*

Pethikan ukara ing nginggil menika nedahaken *referensi eksofora*. *Satuan lingual **kanca-kancamu*** wonten ing ukara menika, menawi dipuntingali saking

wujudipun *referensi eksofora*, awujud tembung. Tembung menika minangka salah satunggaling *unsur* wonten ing salebeting wacana.

Miturut jinisipun *referensi*, tembung menika kalebet *referensi eksofora persona*. Bab menika jalaran tembung **kanca-kancamu** nedahaken satunggaling tiyang, tiyang ingkang dipunmaksud penutur menika *merefer* dhateng njawi *teks*. awit boten wonten andharan ngengingi tiyang menika. Tembung **kanca-kancamu** menika minangka *orang ketiga* ingkang saweg dipunrembag wonten ing pawicantenan. Tiyang ingkang dipuntegesaken inggih menika kanca-kancanipun Rudi wonten ing kantor.

Tembung **kanca-kancamu** wonten ing pethikan nginggil menika, nedahaken tiyang ingkang dipunmaksud dening penutur inggih menika kanca-kancanipun Rudi wonten ing kantor. Tiyang ingkang dipunmaksud menika taksih wonten gegayutanipun kaliyan *konteks* ukara. Sinaosa tembung menika *acuanipun merujuk* langsung dhateng njawi *teks*.

Tembung **kanca-kancamu** menika ngewrat makna *referensi eksofora* ingkang wonten gegayutanipun kaliyan makna *teks*. Tegesipun mitra tutur mangertosi tiyang ingkang dipunmaksud dening penutur. Pramila wontenipun *referensi eksofora* saking tembung **kanca-kancamu** ndadosaken makna wacana kasebut wetah, sinaosa boten dipunsebataken wonten ing ukara. Tembung menika ginanipun kangge nggayutaken makna *referensi eksofora* kaliyan makna *teks* saengga nuwuhaken makna ingkang wetah wonten ing salebeting ukara.

*Data* sanesipun ingkang ngandharaken *referensi eksofora persona* ingkang awujud tembung inggih menika **ajudane**. Andharanipun saged dipunwaos ing ngandhap menika.

Konteks : Prihastuti Kusumo ngendika kaliyan Suryo Baskoro bilih piyambakipun dipuntilpun kaliyan ajudan walikota kapurih rapat kaliyan walikota siyang menika.

- (3). “*Mengko awan watara jam loro, Walikota ngajak sapatemon. Ning ya kuwi, sing arep dirembug apa, ora ana paugeran kang gumathok. Wong sing telepon **ajudane**. Tulung ya, samektakna file-file kang magepokan karo liputane Cahaya Kita ngenani Walikota. Bisa ta?*”

(DL no.1/SPP/37).

Pethikan ukara ing nginggil menika nedahaken *referensi eksofora*. Satuan lingual **ajudane** wonten ing ukara menika, menawi dipuntingali saking wujudipun *referensi eksofora*, awujud tembung. Tembung menika salah satunggaling *unsur* wonten salebeting wacana.

Miturut jinisipun *referensi*, tembung menika kalebet *referensi eksofora persona*. Bab menika jalaran tembung **ajudane** nedahaken satunggaling tiyang, tiyang ingkang dipunmaksud penutur menika *merefer* dhateng njawi *teks*. Awit boten wonten andharan ngengingi tiyang menika. Tembung **ajudane** menika minangka *orang ketiga* ingkang saweg dipunrembag wonten ing pawicantenan. Tiyang ingkang dipuntegesaken inggih menika ajudanipun walikota.

Tembung **ajudane** wonten ing pethikan nginggil menika, nedahaken tiyang ingkang dipunmaksud penutur, inggih menika ajudanipun walikota. Tiyang ingkang dipunmaksud menika taksih wonten gegayutanipun kaliyan *konteks* ukara. Sinaosa tembung menika *acuanipun merujuk* langsung dhateng njawi *teks*.

Tembung ajudane menika ngewrat makna *referensi eksofora* ingkang wonten gegayutanipun kaliyan makna *teks*. Tegesipun mitra tutur mangertosi tiyang ingkang dipunmaksud dening penutur. Pramila wontenipun *referensi eksofora* saking tembung ajudane ndadosaken makna wacana kasebut wetah, sinaosa boten dipunsebataken wonten ing ukara. Tembung menika ginanipun kangge nggayutaken makna *referensi eksofora* kaliyan makna *teks* saengga nuwuhaken makna ingkang wetah wonten ing salebeting ukara.

*Data* sanesipun ingkang ngandharaken *referensi eksofora persona* ingkang awujud *frasa* inggih menika bapak ibuku saha anak bojo. Andharanipun saged dipunwaos ing ngandhap menika.

Konteks: Setywan ngendika kaliyan Pamungkas bilih piyambakipun asring dipunajak ningali kethoprak dening bapak ibunipun.

- (4). “Seneng banget mas, kawit isih SD aku penggemar berate waskitha Budaya. Weku isih bocah aku asring diajak bapak ibuku mirsani Waskitha Budaya yen pinuju nobong ing Kediri. Swargi Mbak Priharsini iku sejatine klebu idholaku kawit isih bocah lho. Koleksiku kasete Waskitha Budaya ya jangkep kok.” (DL no.58/GSP/25).

Pethikan ukara ing nginggil menika nedahaken *referensi eksofora*. Satuan *lingual* bapak ibuku wonten ing ukara menika, menawi dipuntingali saking wujudipun *referensi eksofora*, awujud *frasa*. *Frasa* menika salah satunggaling *unsur* wonten ing salebetipun wacana.

Miturut jinisipun *referensi*, *frasa* menika kalebet *referensi eksofora persona*. Bab menika jalaran *frasa* bapak ibuku nedahaken satunggaling tiyang ingkang *acuanipun merefer* dhateng njawi *teks*, tiyang menika minangka *orang ketiga*

ingkang saweg dipunrembag wonten ing pawicantenan. Tiyang ingkang dipuntegesaken inggih menika bapak ibunipun Setyawan.

*Frasa **bapak ibuku*** wonten ing pethikan nginggil menika, nedahaken tiyang ingkang dipunmaksud dening penutur inggih menika bapak-ibunipun Setyawan. *Frasa* menika *acuanipun merujuk* langsung dhateng njawi *teks*. Tiyang ingkang dipunmaksud menika taksih wonten gegayutanipun kaliyan *konteks* ukara.

*Frasa* menika menika nedahaken makna *referensi eksofora* ingkang wonten gegayutanipun kaliyan makna *teks*. Tegesipun mitra tutur mangertosi tiyang ingkang dipunmaksud dening penutur. Pramila wontenipun *referensi eksofora* saking *frasa **bapak ibuku*** ndadosaken makna wacana kasebut wetah, sinaosa boten dipunsebataken wonten ing ukara. *Frasa* menika ginanipun kangge nggayutaken makna *referensi eksofora* kaliyan makna *teks* saengga nuwuhaken makna ingkang wetah wonten ing salebeting ukara.

*Data* sanesipun ingkang ngandharaken *referensi eksofora persona* ingkang wujudipun *frasa* inggih menika **anak bojo**. Andharanipun saged dipunwaos ing ngandhap menika.

Konteks: Wisnu ngendika kalian Prihastuti Kusumo kenging menapa kedah ngajak garwa kaliyan putranipun wonten pepanggihan.

(5). “Lho jare ngrembug bab wigati, kok kon ngejak **anak bojo**?”

(DL no.40/SPP/3).

Pethikan ukara ing nginggil menika nedahaken *referensi eksofora*. *Satuan lingual **anak bojo*** wonten ing ukara menika, menawi dipuntingali saking

wujudipun *referensi eksofora*, awujud *frasa*. *Frasa* menika salah satunggaling *unsur* wonten ing salebetipun wacana.

Miturut jinisipun *referensi, frasa* menika kalebet *referensi eksofora persona*. Bab menika jalaran *frasa anak bojo* nedahaken satunggaling tiyang ingkang *acuanipun merefer* dhateng njawi *teks*, tiyang menika minangka *orang ketiga* ingkang saweg dipunrembag wonten ing pawicantenan. Tiyang ingkang dipuntegesaken inggih menika garwa kaliyan putranipun Wisnu.

*Frasa anak bojo* wonten ing pethikan nginggil menika, nedahaken tiyang ingkang dipunmaksud dening penutur inggih menika garwa kaliyan putranipun Wisnu. *Frasa* menika *acuanipun merujuk* langsung dhateng njawi *teks*. Tiyang ingkang dipunmaksud menika taksih wonten gegayutanipun kaliyan *konteks* ukara.

*Frasa* menika menika nedahaken makna *referensi eksofora* ingkang wonten gegayutanipun kaliyan makna *teks*. Tegesipun *mitra* tutur mangertosi tiyang ingkang dipunmaksud dening penutur. Pramila wontenipun *referensi eksofora* saking *frasa anak bojo* ndadosaken makna wacana kasebut wetah, sinaosa boten dipunsebataken wonten ing ukara. *Frasa* menika ginanipun kangge nggayutaken makna *referensi eksofora* kaliyan makna *teks* saengga nuwuhaken makna ingkang wetah wonten ing salebeting ukara.

## 2. Jinis *Referensi Eksofora Demonstratif*

Jinis *referensi eksofora demonstratif* ingkang dipunpangguhaken wonten ing cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 - 29 Juni 2013



inggih menika *demonstratif* ingkang nedahaken papan, *demonstratif* ingkang nedahaken satunggaling prastawa saha *demonstratif* ingkang nedahaken satunggaling kawontenan. Andharan ngengingi *referensi demonstratif* papan saged dipunwaos ing ngandhap menika.

a. *Demonstratif* papan

Jinis *referensi eksofora demonstratif* papan ingkang kapanggihaken wonten ing cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 - 29 Juni 2013 inggih menika tembung **kana-kene**, **mrana**, **mrika**. Andharanipun saged dipunwaos ing ngandhap menika.

Jinis *referensi eksofora demonstratif* papan ingkang nedahaken papan inggih menika **kana-kene**. Andharanipun saged dipunwaos saking pethikan ukara ing ngandhap menika.

Konteks: Wicitra ngendika kaliyan Setyawan bilih Sini menika ngampil arta mrika -mriki badhe bikak salon ananging dereng kasembadan.

- (6). “*Ora suwe sawise bali mreng, dheweke kandha arep bukak salon kecantikan, ngriyas manten, mesisan nyewakake busana resepsi. Merga sethithik akeh Sini iku rak nduwe kawruh bab ngelmu ngadi sarira lan ngadi busana. Aku krungu-krungu kanggo pawitan bukak salon iku direwangi utang **kana kene**. Ning sangertiku, nganti dheweke tinggal donya pepingine bukak salon mau durung kasembadan.*”  
(DL no.54/GSP/17).

Ukara menika ngandharaken *referensi eksofora*. Satuan lingual **kana-kene** wonten ing pethikan nginggil menika menawi dipuntingali saking wujudipun *referensi eksofora*, awujud tembung. Tembung menika minangka salah satunggaling *unsur* wonten ing salebetipun wacana.

Tembung **kana-kene** ing pethikan ukara menika miturut jinisipun *referensi*, kalebet *referensi eksofora demonstratif* papan. Bab menika jalaran tembung menika nedahaken satunggaling papan. Papan menika *acuanipun merefer* dhateng njawi *teks*. Tembung ***kana*** nedahaken papan ingkang tebih saking penutur, wondene tembung ***kene*** nedahaken papan ingkang caket saking penutur. Papan ingkang dipunmaksud menika boten wonten andharanipun ing salebeting *teks*.

Tembung **kana-kene** menika nedahaken papan ingkang *acuanipun merujuk langsung* dhateng njawi *teks*. Ananging papan ingkang dipunmaksud menika wonten gegayutanipun kaliyan papan ingkang dipunmaksud dening penutur. Sinaosa papan ingkang dipunmaksud dening penutur menika boten sinerat wonten salebeting *teks*. Papan menika wonten gegayutanipun kaliyan *konteks* ukaranipun.

Tembung **kana-kene** menika ngewrat makna *referensi eksofora* ingkang wonten gegayutanipun kaliyan makna *teks*. Tegesipun *mitra* tutur mangertosi papan ingkang dipunmaksud dening penutur. Pramila wontenipun *referensi eksofora* saking tembung **kana-kene** ndadosaken makna wacana kasebut wetah, sinaosa boten dipunsebataken wonten ing ukara. Tembung menika ginanipun kangge nggayutaken makna *referensi eksofora* kaliyan makna *teks* saengga nuwuhaken makna ingkang wetah wonten ing salebeting ukara.

*Data* sanesipun ingkang ngandharaken *referensi eksofora demonstratif* papan inggih menika **mrana**. Andharanipun saged dipunwaos ing ngandhap menika.

Konteks : Wisnu ngendika kaliyan Prihastuti Kusumo, bilih piyambakipun badhe negecek menawi Suryo ngginakaken mesin cetak malih.

- (7). “Sareh dhisik Mbak, sareh! Iki mau aku mentas sarapan karo dheweke, ora ngrembug bab gaweyan blas! Wong kaya Suryo mono lunyu pindha welut! Tur julig! Aku wis rembugan karo Pak Mukadi kok! Yen sepisan maneh dheweke nggunakake mesin cetak, aku arep **mrana**, sengadi sambang lan ndeleng kahanan! Suryo kudu diwelehke melek-melekan, supaya ora bisa golek pawadan! Yen saiki wis kliwat, awake dhewe ora nyekel bukti! Mula disumenekake dhisik!”. (DL no.42/SPP/6).

Pethikan ing nginggil menika ngandharaken *referensi eksofora*. Satuan lingual **mrana** wonten ing ukara menika, menawi dipuntingali saking wujudipun *referensi eksofora*, awujud tembung. Tembung menika salah satunggaling *unsur gramatikal* wacana.

Tembung **mrana** ing pethikan ukara menika miturut jinisipun *referensi*, kalebet *referensi eksofora demonstratif* papan. Bab menika jalaran tembung menika nedahaken satunggaling papan. Papan menika *acuanipun merefer* dhateng njawi *teks*. Tembung **mrana** nedahaken papan ingkang tebih saking penutur. Papan ingkang dipunmaksud menika wonten gegayutanipun kaliyan penutur. Sinaosa papan ingkang dipunmaksud menika boten wonten andharanipun ing salebeting *teks*.

Tembung **mrana** menika nedahaken papan ingkang *acuanipun merujuk langsung* dhateng njawi *teks*. Papan menika wonten gegayutanipun kaliyan *konteks* pirembaran. Adhedhasar *konteks* ukaranipun, papan ingkang dipunmaksud menika ruwangan mesin cethak. Sinaosa papan ingkang dipunmaksud dening penutur menika boten sinerat wonten salebeting *teks*.

Tembung **mrana** menika ngewrat makna *referensi eksofora* ingkang wonten gegayutanipun kaliyan makna *teks*. Tegesipun *mitra* tutur mangertosi papan ingkang dipunmaksud dening penutur. Pramila wontenipun *referensi eksofora*

saking tembung ***mrana*** ndadosaken makna wacana kasebut wetah, sinaosa boten dipunsebataken wonten ing ukara. Tembung menika ginanipun kangge nggayutaken makna *referensi eksofora* kaliyan makna *teks* saengga nuwuhaken makna ingkang wetah wonten ing salebeting ukara.

*Data* ingkang ngandharaken *referensi eksofora demonstratif* papan ingkang wujudipun tembung inggih menika ***mrika***. Andharanipun saged dipunwaos ing ngandhap menika.

Konteks : Rudi Hamonangan criyos kaliyan Suryo ngengingi ibunipun bilih satunggaling dinten saged dipunkancani dening salah satunggaling putra wonten dalemipun.

- (8). “*Satunggaling dinten ibu nate kawiyos, iba mulyanipun bilih salah satunggal putranipun saged ngancani ing ***mrika!****”  
(DL no.33/SPP/48).

Pethikan ing nginggil menika ngandharaken *referensi eksofora*. *Satuan lingual ***mrika**** wonten ing ukara menika, menawi dipuntingali saking wujudipun *referensi eksofora*, awujud tembung. Tembung menika salah satunggaling *unsur gramatikal* wacana.

Tembung ***mrika*** ing pethikan ukara menika miturut jinisipun *referensi*, kalebet *referensi eksofora demonstratif* papan. Bab menika jalaran tembung menika nedahaken satunggaling papan. Papan menika *acuanipun merefer* dhateng njawi *teks*. Tembung ***mrika*** nedahaken papan ingkang tebih saking penutur. Papan ingkang dipunmaksud menika wonten gegayutanipun kaliyan penutur. Sinaosa papan ingkang dipunmaksud menika boten wonten andharanipun ing salebeting *teks*.

Tembung ***mrika*** menika nedahaken papan ingkang *acuanipun merujuk langsung* dhateng njawi *teks*. Papan menika wonten gegayutanipun kaliyan *konteks* pirembaran. Adhedhasar *konteks* ukaranipun, papan ingkang dipunmaksud menika dalemipun ibunipun Rudi Hamonangan. Sinaosa papan ingkang dipunmaksud dening penutur menika boten sinerat wonten salebeting *teks*.

Tembung ***mrika*** menika ngewrat makna *referensi eksofora* ingkang wonten gegayutanipun kaliyan makna *teks*. Tegesipun *mitra* tutur mangertosi papan ingkang dipunmaksud dening penutur. Pramila wontenipun *referensi eksofora* saking tembung ***mrika*** ndadosaken makna wacana kasebut wetah, sinaosa boten dipunsebataken wonten ing ukara. Tembung menika ginanipun kangge nggayutaken makna *referensi eksofora* kaliyan makna *teks* saengga nuwuhaken makna ingkang wetah wonten ing salebeting ukara.

*Data* ingkang ngandharaken *referensi eksofora demonstratif* papan ingkang wujudipun *frasa* inggih menika ***neng omah***. Andharanipun saged dipunwaos ing ngandhap menika.

Konteks: Suryo Baskoro ngendika kaliyan Rudi, bilih Rudi Hamonangan kapurih damel tugas wonten dalemipun supados boten kadenangan kancanipun.

- (9). “*Bagus! Supaya tenang lan ora kadenangan kanca-kancamu, becike garapen ***neng omah*** bae! Ora sah kesusu, sing wigati tliti. Kowe biyen rak melu ta nalika ana pelatihan jurnalistik kae? Gawenen depth, ning investigative! Ngerti ta karepku?*”  
(DL no.20/SPP/43).

Pethikan ing nginggil menika ngandharaken *referensi eksofora*. Satuan *lingual* ***neng omah*** wonten ing ukara menika, menawi dipuntingali saking

wujudipun *referensi eksofora*, awujud *frasa*. *Frasa* menika salah satunggaling *unsur gramatikal* wacana.

*Frasa neng omah* ing pethikan ukara menika miturut jinisipun *referensi*, kalebet *referensi eksofora demonstratif* papan. Bab menika jalaran *frasa* menika nedahaken satunggaling papan. Papan menika *acuanipun merefer* dhateng njawi *teks*. Papan ingkang dipunmaksud menika griyanipun Rudi Hamonangan. Papan menika wonten gegayutanipun kaliyan *konteks* pirembaran. Sinaosa papan ingkang dipunmaksud menika boten sinerat ing salebeting *teks*.

*Frasa neng omah* menika wonten gegayutanipun kaliyan penutur. Adhedhasar *konteks* ukaranipun papan ingkang dipunmaksud menika griyanipun Rudi Hamonangan. Saengga ndadosaken *mitra* tutur magertosi papan ingkang dipunmaksud. Sinaosa papan ingkang dipunmaksud menika boten sinerat ing salebeting *teks*.

*Frasa neng omah* menika ngewrat makna *referensi eksofora* ingkang wonten gegayutanipun kaliyan makna *teks*. Tegesipun *mitra* tutur mangertosi papan ingkang dipunmaksud dening penutur. Pramila wontenipun *referensi eksofora* saking *frasa neng omah* ndadosaken makna wacana kasebut wetah, sinaosa boten dipunsebataken wonten ing ukara. *Frasa* menika ginanipun kangge nggayutaken makna *referensi eksofora* kaliyan makna *teks* saengga nuwuhaken makna ingkang wetah wonten ing salebeting ukara.

b. *Demonstratif* prastawa

Asiling panaliten ngengingi *referensi eksofora* wonten ing cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 - 29 Juni 2013 ugi

kapanggihaken *referensi eksofora demonstratif* ingkang nedahaken satunggaling prastawa. Andharanipun saged dipunwaos ing ngandhap menika.

*Data* ing ngandhap menika nedahaken *referensi eksofora demonstratif* prastawa ingkang wujudipun tembung inggih menika **rajapati**. Andharanipun saged dipunwaos wonten ing ngandhap menika.

Konteks: Pamungkas ngendika kaliyan Setyawan bilih piyambakipun dherek bingah awit Setyawan kasil ngudhari wewadi Rajapati wonten Gunung Wilis.

(10). “Oo.. dadi iki ta sing jeneng Detektif Setyawan. Sing kasil ngudhari wewadine **rajapati** ing perenging Gunung Wilis biyen kae?”

(DL no.49/GSP/13).

Ukara ing nginggil menika nedahaken *referensi eksofora*. Satuan lingual **rajapati** wonten ing ukara menika, menawi dipuntingali saking wujudipun *referensi eksofora*, awujud tembung. Tembung menika salah satunggaling *unsur gramatikal* wacana.

Tembung **rajapati** ing pethikan ukara menika miturut jinisipun *referensi*, kalebet *referensi eksofora demonstratif* prastawa. Bab menika jalaran tembung menika nedahaken satunggaling prastawa. Prastawa wonten ing ukara menika, *acuanipun merefer* dhateng njawi *teks*. Adhedhasar *konteks* pirembaran, prastawa ingkang dipunmaksud dening penutur inggih menika ngengingi satunggaling wewadi rajapati. Ingkang dados perkawis ngengingi *referensi eksofora* inggih menika boten wonten andharan ngengingi prastawa rajapati ingkang dipunkajengaken dening penutur. Awit boten wonten andharan ingkang sinerat

ngengingi prastawa menika. Pramila *mitra* tutur menika kedah *menerka* piyambak ngengingi prastawa menika.

Tembung **rajapati** menika *acuanipun merefer* dhateng njawi *teks*. tembung menika gadhah makna *referensi eksofora*. Saengga ndadosaken *mitra* tutur menika mangertosi ngengingi prastawa ingkang dipunmaksud dening penutur. Sinaosa bab menika boten sinerat wonten ing salebetipun teks.

Tembung **rajapati** menika ngewrat makna *referensi eksofora* ingkang wonten gegayutanipun kaliyan makna *teks*. Tegesipun mitra tutur mangertosi prastawa ingkang dipunmaksud dening penutur. Pramila wontenipun *referensi eksofora* saking tembung **rajapati** ndadosaken makna wacana kasebut wetah, sinaosa boten dipunsebataken wonten ing ukara. Tembung menika ginanipun kangge nggayutaken makna *referensi eksofora* kaliyan makna *teks* saengga nuwuhaken makna ingkang wetah wonten ing salebeting ukara.

*Data* sanesipun ingkang ngandharaken *referensi eksofora demonstratif* ingkang nedahaken satunggaling prastawa inggih menika awujud *frasa*. Andharanipun saged dipunwaos ing ngandhap menika.

Konteks: Suryo Baskoro ngendika kaliyan Murdanu ngengingi rembagan kalawingi.

(11). “Mas piye **rembugan sing wingi**, serius apa ora?”  
(DL no.3/SPP/38)

Pethikan ing nginggil menika ngandharaken *referensi eksofora*. Satuan lingual **rembugan sing wingi** wonten ing ukara menika, menawi dipuntingali saking wujudipun *referensi eksofora*, awujud *frasa*. *Frasa* menika salah satunggaling *unsur gramatikal* wacana.



*Frasa **rembugan sing wingi** ing pethikan ukara menika miturut jinisipun referensi, kalebet referensi eksofora demonstratif prastawa. Bab menika jalaran frasa menika nedahaken satunggaling prastawa. Prastawa wonten ing ukara menika, acuanipun merefer dhateng njawi teks. Ingang dados perkawis ngengingi referensi eksofora inggih menika boten wonten andharan inggang sinerat ngengingi rembugan inggang dipunkajengaken dening penutur. Pramila mitra tutur menika kedah menerka piyambak ngengingi prastawa menika.*

*Frasa **rembugan sing wingi** menika nedahaken satunggaling prastawa inggang acuanipun merujuk langsung dhateng njawi teks. Prastawa menika wonten gegayutanipun kaliyan mitra penutur. Adhedhasar konteks ukaranipun prastawa inggang dipunmaksud menika rembugan inggang siningid antawisipun penutur kaliyan mitra tutur. Sinaosa prastawa inggang dipunmaksud menika boten sinerat ing salebeting teks.*

*Frasa **rembugan sing wingi** menika ngewrat makna referensi eksofora inggang wonten gegayutanipun kaliyan makna teks. Tegesipun mitra tutur mangertosi prastawa inggang dipunmaksud dening penutur. Pramila wontenipun referensi eksofora saking frasa **rembugan sing wingi** ndadosaken makna wacana kasebut wetah, sinaosa boten dipunsebataken wonten ing ukara. Frasa menika ginanipun kangge nggayutaken makna referensi eksofora kaliyan makna teks saengga nuwuhaken makna inggang wetah wonten ing salebeting ukara.*

*Data sanesipun inggang ngandharaken referensi eksofora demonstratif inggang nedahaken prastawa inggang wujudipun frasa inggih menika **pelatihan jurnalistik kae**. Andharanipun saged dipunwaos ing ngandhap menika*

Konteks : Suryo Baskoro ngemutaken Rudi nalika ndherek pelatihan *jurnalistik*.

(12). “*Bagus! Supaya tenang lan ora kadenangan kanca-kancamu, becike garapen neng omah bae! Ora sah kesusu, sing wigati tliti. Kowe biyen rak melu ta nalika ana pelatihan jurnalistik kae? Gawenen depth, ning investigative! Ngerti ta karepku?*” (DL no.21/SPP/43).

Pethikan ing nginggil menika ngandharaken *referensi eksofora*. Satuan lingual *pelatihan jurnalistik kae* wonten ing ukara menika, menawi dipuntingali saking wujudipun *referensi eksofora*, awujud *frasa*. *Frasa* menika salah satunggaling *unsur gramatikal* wacana.

*Frasa pelatihan jurnalistik kae* ing pethikan ukara menika miturut jinisipun *referensi*, kalebet *referensi eksofora demonstratif* prastawa. Bab menika jalaran *frasa* menika nedahaken satunggaling prastawa. Prastawa wonten ing ukara menika, *acuanipun merefer* dhateng njawi *teks*. Prastawa ingkang dipunmaksud menika nalika Rudi ndherek pelatihan *jurnalistik*. Ingkang dados perkawis ngengingi *referensi eksofora* inggih menika boten wonten andharan ngengingi pelatihan *jurnalistik* ingkang dipunkajengaken dening penutur. Pramila *mitra* tutur menika kedah *menerka* piyambak ngengingi prastawa menika.

*Frasa pelatihan jurnalistik kae* menika nedahaken satunggaling prastawa ingkang *acuanipun merujuk langsung* dhateng njawi *teks*. *Frasa* menika gadhah makna *referensi eksofora* ingkang ndadosaken *mitra* tutur mangertosi ngengingi prastawa ingkang dipunmaksud dening penutur. Sinaosa prastawa ingkang dipunmaksud menika boten sinerat ing salebeting *teks*.

*Frasa pelatihan jurnalistik kae* menika ngewrat makna *referensi eksofora* ingkang wonten gegayutanipun kaliyan makna *teks*. Tegesipun *mitra* tutur mangertosi prastawa ingkang dipunmaksud dening penutur. Pramila wontenipun

*referensi eksofora* saking frasa **pelatihan jurnalistik kae** ndadosaken makna wacana kasebut wetah, sinaosa boten dipunsebataken wonten ing ukara. *Frasa* menika ginanipun kangge nggayutaken makna *referensi eksofora* kaliyan makna *teks* saengga nuwuhaken makna ingkang wetah wonten ing salebeting ukara.

c. *Demonstratif* kawontenan

Asiling panaliten ngengingi *referensi eksofora* wonten ing cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 - 29 Juni 2013 ugi kapanggihaken *referensi eksofora demonstratif* ingkang nedahaken satunggaling kawontenan. Andharanipun saged dipunwaos ing ngandhap menika.

Konteks : Suryo Baskoro ngendika kaliyan Basuki bilih Yuni menika prawan ayu.

- (13). “*Dakenteni neng ruwange Yuni kono lho, Mas!*”  
 “*Wah, pinter kowe Bas! Parkir bae kok ya milih nggone **prawan ayu!***”  
 (DL no.5/SPP/38).

Pethikan ing nginggil menika ngandharaken *referensi eksofora*. *Satuan lingual **prawan ayu*** wonten ing ukara menika, menawi dipuntingali saking wujudipun *referensi eksofora*, awujud *frasa*. *Frasa* menika salah satunggaling *unsur gramatikal* wacana.

*Frasa **prawan ayu*** ing pethikan ukara menika miturut jinisipun *referensi*, kalebet *referensi eksofora demonstratif* kawontenan. Bab menika jalaran *frasa* menika nedahaken satunggaling kawontenan. Kawontenan wonten ing ukara menika, *acuanipun merefer* dhateng njawi *teks*. *Frasa **prawan ayu*** menika *acuanipun* nedahaken tiyang inggih menika Sri Wahyuni. Ananging ingkang dados perkawis wonten *referensi eksofora* menika kawontenan *fisikipun* saking

*frasa* menika boten wonten andharan ngengingi menika. Pramila *mitra* tutur menika kedah *menerka* piyambak ngengingi prastawa menika.

*Frasa **prawan ayu*** menika nedahaken satunggaling kawontenan ingkang *acuanipun merujuk langsung* dhateng njawi *teks*. Kawontenan menika wonten gegayutanipun kaliyan tiyang ingkang saweg dipunrembag wonten pirembagan. Adhedhasar *konteks* ukaranipun kawontenan ingkang dipunmaksud kawontenan *fisikipun* saking Sri Wahyuni.

*Frasa **prawan ayu*** menika ngewrat makna *referensi eksofora* ingkang wonten gegayutanipun kaliyan makna *teks*. Tegesipun mitra tutur mangertosi kawontenan ingkang dipunmaksud dening penutur. Pramila wontenipun *referensi eksofora* saking *frasa **prawan ayu*** ndadosaken makna wacana kasebut wetah, sinaosa boten dipunsebataken wonten ing ukara. *Frasa* menika ginanipun kangge nggayutaken makna *referensi eksofora* kaliyan makna *teks* saengga nuwuhaken makna ingkang wetah wonten ing salebeting ukara.

## BAB V

### PANUTUP

#### A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembaran babagan *referensi eksofora* ing salebeting cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2013, saged dipunpendhet dudutan ing ngandhap menika.

1. Wujud *referensi eksofora* ingkang dipunpanggihaken wonten ing cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2013 inggih menika awujud tembung saha *frasa*. Amargi tembung saha *frasa* menika minangka *satuan lingual* ingkang dipunginakaken wonten ing cerbung menika kangge mahyakaken andharaning *referensi eksofora* ingkang gadhah makna ing njawi *teks*.
2. Jinising *referensi eksofora* ingkang dipunpanggihaken wonten ing cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2013 inggih menika *referensi eksofora persona* saha *referensi eksofora demonstratif*. *Referensi eksofora persona* wonten ing cerbung menika nedahaken tiyang wondene *referensi eksofora demonstratif* ingkang dipunpanggihaken menika nedahaken papan, nedahaken satunggaling prastawa saha nedahaken satunggaling kawontenan. *Referensi eksofora persona* saha *referensi eksofora demonstratif* kathah dipunsebataken wonten ing cerbung menika amargi kangge nedahaken dumadosipun satunggaling perkawis wonten cerbung menika.

3. Fungsi *referensi eksofora* wonten ing cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2013 ingkang dipunpanggihaken, inggih menika kangge nedahaken tiyang (*pronomina persona*), kangge nedahaken satunggaling papan, kangge nedahaken satunggaling prastawa saha kangge nedahaken satunggaling kawontenan. Fungsi *referensi eksofora* ingkang kapanggihaken wonten ing salebeting cerbung menika amargi kangge ngandharaken makna saking *satuan lingual* ingkang nedahaken *referensi eksofora*. Pramila wontenipun *referensi eksofora* wonten ing cerbung menika saged nggayutaken makna *referensi eksofora* kaliyan makna *teks*, saengga saged nuwuhaken satunggaling wacana ingkang maknanipun wetah.

### **B. Implikasi**

Panaliten menika ngrembag *referensi eksofora* ingkang wonten ing cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2013. Salebeting panaliten menika dipunpanggihaken wujud, jinis saha fungsi *referensi eksofora* ingkang dipunginakaken wonten ing cerbung menika.

Adhedhasar asiling panaliten menika, *implikasi* ingkang saged dipuntrapaken inggih menika kangge para pengajar, ndadosaken rujukan saha gegaran ing pamulangan mliginipun ngengingi *kajian* wacana ingkang ngrembag bab *referensi eksofora* wonten ing karya sastra. Kangge mahasiswa Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta, asiling panaliten menika saged dipundadosaken ngelmu wonten ing bab *kajian* wacana mliginipun

*referensi eksofora*. Kangge pamaos asiling panaliten menika saged dipundadosaken *referensi* kangge panaliten sanesipun, mliginipun ingkang wonten gegayutanipun kaliyan ngelmu kebahasaan saha kasusastran ingkang kajiyanipun arupi cerbung.

### C. Pamrayogi

Adhedhasar dudutan saha *implikasi* ingkang sampun dipunandharaken, panaliti saged suka pamrayogi inggih menika kangge mahasiswa ingkang nyinau bab *linguistik* utawi basa, saged nindakaken panaliten ngengingi kajian *referensi endofora (anafora)* saha *referensi endofora (katafora)* ingkang wonten ing salebeting cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2013. Bab sanesipun ingkang saged dipunkaji wonten ing cerbung kalawarti *Panjebar Semangat* wedalan 15 September 2012 – 29 Juni 2013 menika taksih werni-werni. Bab menika kadosta kajian *kohesi gramatikal* saha *kohesi leksikal*. Panaliten ngengingi *referensi eksofora* menika, *objek kajian* wacana menika boten winates wonten ing cerbung, ananging saged ugi katindakaken wonten ing wacana lisan, kadosta wonten ing pacelathon wonten ing drama, kethoprak lsp. Asiling panaliten menika ugi dipunajab saged dados *referensi* kangge panaliten salejengipun.

## KAPUSTAKAN

- Arifin, Bustanul dan Abdul Rani. 2000. *Prinsip-Prinsip Analisis Wacana*. Jakarta: Departemen Pendidikan Nasional.
- Arikunto, Suharsimi. 1996. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Badara, Aris. 2012. *Analisis Wacana Teori, Metode, dan Penerapannya Wacana Media*. Jakarta: Kencana.
- Chaer, Abdul. 2012. *Linguistik Umum*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Djajasudarma, Fatimah. 2012. *Wacana dan Pragmatik*. Bandung: PT. Refika Aditama.
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.
- Fakultas bahasa dan Seni. 2012. *Panduan Tugas Akhir*. Yogyakarta: FBS UNY.
- Herawati, dkk. 1995. *Nomina, Pronomina, Dan Numeralia Dalam Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan Dan Pengembangan Bahasa.
- Keraf, Gorys. 1995. *Eksposisi*. Jakarta: PT. Gramedia Widiasarana Indonesia.
- Kridalaksana, Harimurti. 2001. *Kamus Linguistik*. Gramedia: Pustaka Utama.
- Lubis, Hasan Hamid. 1991. *Analisis Wacana Pragmatik*. Bandung: Angkasa.



- Mulyana. 2005. *Kajian Wacana Teori Metode dan Aplikasi Prinsip Prinsip Analisis Wacana*. Yogyakarta: Tiara Wacana.
- 2011. *Morfologi Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.
- Nurhayati, Endang. 2001. *Morfologi Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Diktat UNY.
- Poerwadarminta, JWS. 1937. *Baoesastra Djawa*. Batavia: Groningen.
- Purwoko, Herudjati. 2008. *Discourse Analysis Kajian Wacana Bagi Semua Orang*. Jakarta: Indeks.
- Purwo, Bambang Kaswanti. 1984. *Deiksis Dalam Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Ramlan M. 1993. *Alur Pikiran dan Kepaduan Dalam Bahasa Indonesia*. Yogyakarta: Andi Offset.
- Rani, Abdul, dkk. 2004. *Analisis Wacana Sebuah Kajian Bahasa Dalam Pemakaian*. Malang: Bayumedia.
- Sudaryanto. 1993. *Metode Dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Sudibyoy, Mooryati. 2001. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta : Yayasan Paramalingua.
- Sudjiman, Panuti 1984. *Kamus Istilah Sastra*. Jakarta: PT Gramedia.
- 1986. *Memahami Cerita Roman Rekaan*. Jakarta: PT Dunia Pustaka.
- Suhardi. 2013. *Sintaksis*. Yogyakarta: Universitas Negeri Yogyakarta Press

Sumarlam. 2010. *Teori dan Praktik Analisis Wacana*. Surakarta: Buku Katta.

Soetikno. 1996. *Analisis wacana*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.

Tarigan, Henry Guntur. 1987. *Pengajaran Wacana*. Bandung: Angkasa.

Wedhawati, 1979. *Wacana Bahasa Jawa*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

——— dkk. 2006. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir*. Yogyakarta: Kanisius.

Wibawanti, Anis. 2009. *Referensi Eksofora Wonten Ing Novelet Mbok Randha Saka Jogja anggitanipun Suparto Brata*. Yogyakarta: Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FBS UNY.

Widada. 1997. *Referensi Bahasa Jawa Dalam Ragam Sastra*. Yogyakarta: Balai Penelitian Bahasa Yogyakarta.

# LAMPIRAN

Tabel Asiling saha Analisis Jinis, Wujud, saha Fungsi Referensi Eksofora wonten ing Cerbung Kalawarti Panjebar Semangat Wedalan

15 September 2012 – 29 Juni 2013

No.	Konteks	Data	Jinis		Wujud		Fungsi Referensi Eksofora	Katrangan
			P	D	T	F		
1	2	3	4	5	6	7	8	9
1.	Prihastuti Kusumo ngendika kaliyan Suryo Baskoro bilih piyambakipun dipuntilpun kaliyan ajudan walikota kapurih rapat kaliyan walikota siyang menika.	“Mengko awan watara jam loro, Walikota ngajak sapatemon. Ning ya kuwi, sing arep dirembug apa, ora ana paugeran kang gumathok. Wong sing telepon <u>ajudane</u> . Tulung ya, samektakna <u>file-file</u> kang magepokan karo liputane <i>Cahaya Kita</i> ngenani Walikota. Bisa ta?”. (DL no.1/SPP/37)	√		√		- Nedahaken tiyang ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i> . - Tiyang ingkang dipunmaksud menika ajudanipun walikota.	Jinis : <i>referensi eksofora persona</i> .  Wujud : tembung.
2.	Sri Wahyuni mrayogakaken Basuki sowan dhateng Suryo Baskoro.	“Ditimbali Pak Bos! Arep langsung ngadhep kok sungkan! Awit aku mau weruh saklebetan mentas metu saka kene! Yen saiki rak wis pantes ta?” “Iya, wis age <u>kana</u> ndang marak seba ngabyantara nata!” (DL no.2/SPP/37).		√	√		- Nedahaken papan ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i> . - Papan menika ruwanganipun Suryo Baskoro.	Jinis : <i>referensi eksofora demonstratif</i> papan.  Wujud : tembung.
3.	Suryo Baskoro ngendika kaliyan Murdanu ngengingi rembagan kalawingi.	“Mas piye <u>rembugan sing wingi</u> , serius apa ora?” (DL no.3/SPP/38)		√		√	- Nedahaken satunggaling prastawa ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i> .	Jinis : <i>referensi eksofora demonstratif</i> prastawa. Wujud : <i>frasa</i> .

4.	Suryo Baskoro ngendika kaliyan Murdanu bilih piyambakipun badhe ngirim andhahan.	“O serius, aku dak ngirim anak buwah bae. <b><u>Bocahe</u></b> sing rada idealis ngono lho Mas, ning isih polos! Ya wis, sesuk bar senam pagi, kira-kira jam 08.00 esuk ya Mas? Oke!” (DL no.4/SPP/38).	√		√		- Nedahaken tiyang ingkang merefer dhateng njawi teks. - Tiyang menika andhahanipun Suryo Baskoro.	Jinis : <i>referensi eksofora persona.</i>  Wujud : tembung.
5.	Suryo Baskoro ngendika kaliyan Basuki bilih Yuni menika prawan ayu.	“Dakenteni neng ruwange Yuni kono lho, Mas!” “Wah, pinter kowe Bas! Parkir bae kok ya milih nggone <b><u>prawan ayu!</u></b> ” (DL no.5/SPP/38).		√		√	- Nedahaken kawontenan ingkang merefer dhateng njawi teks.	Jinis : <i>referensi eksofora demonstratif kawontenan.</i>  Wujud : <i>frasa</i>
6.	Suryo Baskoro nyuwun pirsadhateng Basuki ngengingi andhahanipun Basuki.	“ <b><u>Anak buwahmu</u></b> sing isih polos lan idealis, sapa Bas?” (DL no.6/SPP/38).	√			√	- Nedahaken tiyang ingkang merefer dhateng njawi teks. - Tiyang menika andhanipun Basuki.	Jinis : <i>referensi eksofora persona.</i>  Wujud : <i>frasa.</i>
7.	Suryo Baskoro ngendika kaliyan Basuki bilih piyambakipun badhe mendhet salah satunggaling andhahanipun Basuki.	“Aku janji Bas, tenan! Yen wis milih salah sijine <b><u>repotermu</u></b> , mengko jam loro konen ngadhep aku!” (DL no.7/SPP/38).	√		√		- Nedahaken tiyang ingkang merefer dhateng njawi teks. - Tiyang menika andhahanipun Basuki.	Jinis : <i>referensi eksofora persona.</i>  Wujud : tembung.
8	Basuki ngendika kaliyan Suryo ngengingi asalipun Satrio.	“Piye yen Satrio?” “Satrio sing saka <b><u>Fisip?</u></b> ” (DL no.8/SPP/38).		√	√		- Nedahaken papan ingkang merefer dhateng njawi teks.	Jinis : <i>referensi eksofora demonstratif papan.</i>

								- Papan menika Fakultas Ilmu Sosial Politik.	Wujud : tembung.
9.	Nalika wonten kantor, Sri Wahyuni ngendika kaliyan Basuki bilih piyambakipun ngasta gudheg saking dalemipun.	“Yun, wis sarapan?” “Uwis, lagi rampung, aku mbontot <u>saka omah!</u> Ibuku pas masak gudheg, dadi aku sangu. Kowe pa luwe?” (DL no.9/SPP/38).		√		√		- Nedahaken papan ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i> . - Papan menika dalemipun Sri Wahyuni.	Jinis : <i>referensi eksofora demonstratif</i> papan. Wujud : <i>frasa</i> .
10.	Nalika wonten kantor, Sri Wahyuni ngendika kaliyan Basuki bilih piyambakipun ngasta gudheg damelanipun ibunipun.	“Yun, wis sarapan?” “Uwis, lagi rampung, aku mbontot saka omah! <u>Ibuku</u> pas masak gudheg, dadi aku sangu. Kowe pa luwe?” (DL no.10/SPP/38).	√		√		- Nedahaken tiyang ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i> . - Tiyang menika Ibunipun Sri Wahyuni.	Jinis : <i>referensi eksofora persona</i> . Wujud : tembung.	
11.	Basuki dereng kober sarapan saking dalemipun.	Timbang nuruti ati panas, Basuki ngemili roti tawar rong tangkep. Bar diombeni teh anget, wetenge wis ora krasa perih. Lumayan, kena kanggo ngenteni mangan awan. <u>Neng omah</u> ora kober sarapan, awit esuk-esuk kudu ngeterake sisihane menyang terminal. (DL no.11/SPP/38).		√		√		- Nedahaken papan ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i> . - Papan menika dalemipun Basuki.	Jinis : <i>referensi eksofora demonstratif</i> papan. Wujud : <i>frasa</i> .
12.	Basuki dereng kober sarapan awit kedah ndherekaken garwanipun dhateng terminal.	Timbang nuruti ati panas, Basuki ngemili roti tawar rong tangkep. Bar diombeni teh anget, wetenge wis ora krasa perih. Lumayan, kena kanggo ngenteni mangan awan. Neng omah ora kober sarapan, awit	√		√			- Nedahaken tiyang ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i> . - Tiyang menika garwanipun Basuki.	Jinis : <i>referensi eksofora persona</i> . Wujud : tembung.

		esuk-esuk kudu ngeterake <u>sisihane</u> menyang terminal. (DL no.12/SPP/38).						
13.	Sri Wahyuni ngendika kaliyan Basuki bilih dalemipun tantenipun menika caket kaliyan dalemipun Suryo Baskoro.	“Kowe kok ngerti Yun?” “Ya ngerti bae, wong <u>daleme tanteku</u> cedhak daleme ibune Mas Suryo!” (DL no.13/SPP/39).		√		√	- Nedahaken papan ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i> . - Papan menika dalemipun tantenipun Sri wahyuni.	Jinis : <i>referensi eksofora demonstratif</i> papan. Wujud : <i>frasa</i> .
14.	Nalika Aryo Guritno ngendika kaliyan Suryo Baskoro lumantar tilpun ngengingi watakipun Tuti.	“Wih, mbakyumu <u>wong ayu</u> Tuti Kusumo ki jebul atos ya?” (DL no.14/SPP/40).		√		√	- Nedahaken kawontenan ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i> .	Jinis : <i>referensi eksofora demonstratif</i> kawontenan. Wujud : <i>frasa</i>
15.	Prihastuti Kusumo negesaken kaliyan Suryo Baskoro bilih piyambakipun boten kersa dados pemimpin ingkang sesongaran kaliyan anak buwah.	“Aku ora gelem dadi pemimpin sing sesongaran. Apa meneh diedu karo <u>anak buwahku dhewe!</u> ” (DL no.15/SPP/41).	√			√	- Nedahaken tiyang ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i> . - Tiyang menika andhahanipun Prihastuti Kusumo.	Jinis : <i>referensi eksofora persona</i> . Wujud : <i>frasa</i> .
16.	Murdanu ngendika kaliyan kancanipun bilih Rudi Hamonangan menika saking UPT.	“Iki saka UPT (unit pelaksana teknis) <u>kana</u> lho! Staf Pak Budi Raharja!” (DL no.16/SPP/42).		√	√		- Nedahaken papan ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i> .	Jinis : <i>referensi eksofora demonstratif</i> papan. Wujud : <i>tembung</i> .
17.	Ir Murdanu ngendika kaliyan sekretarisipun bilih piyambakipun dipunbayari	“Siji!” wangsulane Murdanu teges.” Yen ora ana <u>cah iku</u> , esuk mau aku sida kewirangan tenan ing	√			√	- Nedahaken tiyang ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i> .	Jinis : <i>referensi eksofora persona</i> .

	tiyang sanes wonten warungipun budhe.	warunge Budhe! Lha dompetku keru ing mobil!” (DL no.17/SPP/43).					- Tiyang menika salah satunggaling pegawe kantor.	Wujud : <i>frasa</i> .
18.	Nalika wonten kantor, Suryo Baskoro nyuwun pirsa kaliyan Rudi bab menapa Rudi gadhah komputer wonten dalemipun.	“Ya wis, pinter yen ngono! Rud, sing perlu mbokngerteni, tugas iki mono tugas wadi! Kowe <b><u>neng omah</u></b> nduwe komputer?” (DL no.18/SPP/43).		√		√	- Nedahaken papan ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i> . - Papan menika dalemipun Rudi Hamonangan.	Jinis : <i>referensi eksofora demonstratif</i> papan. Wujud : <i>frasa</i> .
19	Suryo Baskoro ngendika kaliyan Rudi, bilih Rudi Hamonangan kapurih damel tugas wonten griyanipun supados boten kadenangan kancanipun.	“Bagus! Supaya tenang lan ora kadenangan <b><u>kanca-kancamu</u></b> , becike garapen neng omah bae! Ora sah kesusu, sing wigati tliti. Kowe biyen rak melu ta nalika ana pelatihan jurnalistik kae? Gawenen <i>depth</i> , ning <i>investigative</i> ! Ngerti ta karepku?” (DL no.19/SPP/43).	√			√	- Nedahaken tiyang ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i> . - Tiyang ingkang dipunmaksud menika kanca-kancanipun Rudi wonten ing kantor.	Jinis : <i>referensi eksofora persona</i> . Wujud : <i>tembung</i> .
20.	Suryo Baskoro ngendika kaliyan Rudi, bilih Rudi Hamonangan kapurih damel tugas wonten dalemipun supados boten kadenangan kancanipun.	“Bagus! Supaya tenang lan ora kadenangan kanca-kancamu, becike garapen <b><u>neng omah</u></b> bae! Ora sah kesusu, sing wigati tliti. Kowe biyen rak melu ta nalika ana pelatihan jurnalistik kae? Gawenen <i>depth</i> , ning <i>investigative</i> ! Ngerti ta karepku?” (DL no.20/SPP/43).		√		√	- Nedahaken papan ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i> . - Papan ingkang dipunmaksud inggih menika dalemipun Rudi Hamonangan.	Jinis : <i>referensi eksofora demonstratif</i> papan. Wujud : <i>frasa</i> .
21.	Suryo Baskoro ngemutaken Rudi nalika ndherek pelatihan	“Bagus! Supaya tenang lan ora kadenangan kanca-kancamu, becike		√		√	- Nedahaken satunggaling	Jinis : <i>referensi eksofora</i>



	<i>jurnalistik.</i>	garapen neng omah bae! Ora sah kesusu, sing wigati tliti. Kowe biyen rak melu ta nalika ana <u>pelatihan jurnalistik kae?</u> Gawenen <i>depth</i> , ning <i>investigative!</i> Ngerti ta karepku?" (DL no.21/SPP/43).					prastawa ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i> .	<i>demonstratif</i> prastawa.  Wujud : <i>frasa</i> .
22.	Bryan ngendika kaliyan Prihastuti bilih ingkang nлити proposal menika anak buwahipun Bryan.	"Ora Tut, aja kuwatir. Sing dakkon nлити proposal mau <u>anak buwahku</u> kok. Jare proposal sing apik dhewe saka Jawa Timur." (DL no.22/SPP/46).	√			√	- Nedahaken tiyang ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i> . - Tiyang ingkang dipunmaksud menika andhahanipun Bryan.	Jinis : <i>referensi eksofora persona</i> .  Wujud : <i>frasa</i> .
23.	Prihastuti Kusumo nyuwun pirsu kaliyan Bryan ngengingi garwanipun Bryan.	"I am alone, Tut!" "Alone piye, <u>sisihanmu</u> tetep ana Michigan?" (DL no.23/SPP/46).	√			√	- Nedahaken tiyang ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i> . - Tiyang ingkang dipunmaksud menika sisihanipun Bryan.	Jinis : <i>referensi eksofora persona</i> .  Wujud : <i>tembung</i> .
24.	Wibisono ngendika kaliyan Bryan, bilih Bryan kapurih nyipeng wonten griyanipun Wibisono.	"Bryan nginepo <u>neng omahku</u> bae rak uwis?" Wibisana tawa-tawa disambung sisihane. (DL no.24/SPP/46).		√		√	- Nedahaken papan ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i> . - Papan ingkang dipunmaksud menika dalemipun Wibisono.	Jinis : <i>referensi eksofora demonstratif papan</i> .  Wujud : <i>frasa</i> .
25.	Prihastuti Kusumo ngendika kaliyan Bryan, bilih dereng	"Iya Bryan, kowe rak durung weruh <u>anak-anakku</u> , ta? Nalika	√			√	- Nedahaken tiyang ingkang <i>merefer</i>	Jinis : <i>referensi eksofora persona</i> .

	nate pirsu putranipun Prihastuti Kusumo kaliyan Wibisono.	daktinggal biyen isih cilik-cilik” (DL no.25/SPP/46).					dhateng njawi <i>teks</i> . - Tiyang ingkang dipunmaksud inggih menika putranipun Prihastuti Kusumo kaliyan Wibisono.	Wujud : tembung.
26.	Bryan ngendika kaliyan Prihastuti Kusumo bilih piyambakipun kepingin pirsu putranipun Wibisono.	“Iya-ya prayoga banget! Cetha aku kepingin weruh <u>anak-anakmu</u> Tut. Begja banget kowe bisa momong anak nganti gedhe, balik aku dhewe ora bisa nunggoni anakku ing saben dinane!” (DL no.26/SPP/46).	√		√		- Nedahaken tiyang ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i> . - Tiyang ingkang dipunmaksud inggih menika putranipun Prihastuti Kusumo kaliyan Wibisono.	Jinis : <i>referensi eksofora persona</i> . Wujud : tembung.
27.	Bryan ngendika kaliyan Prihastuti Kusumo bilih piyambakipun boten saged ngemong putranipun saben dinten.	“Iya-ya prayoga banget! Cetha aku kepingin weruh anak-anakmu Tut. Begja banget kowe bisa momong anak nganti gedhe, balik aku dhewe ora bisa nunggoni <u>anakku</u> ing saben dinane!” (DL no.27/SPP/46).	√		√		- Nedahaken tiyang ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i> . - Tiyang ingkang dipunmaksud putranipun Bryan.	Jinis : <i>referensi eksofora persona</i> . Wujud : tembung.
28.	Praptomo ngendika kaliyan Suryo bilih Bapak kepala kantor wilayah saweg tindak dhateng kantor Gubernur.	“Walah Mas, <u>bapake</u> lagi bae tindak, ditimbal Gubernur! Ning ra pa-pa, ayo mlebu!” (DL no.28/SPP/47).	√		√		- Nedahaken tiyang ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i> . - Tiyang ingkang dipunmaksud menika Bapak kepala kantor wilayah.	Jinis : <i>referensi eksofora persona</i> . Wujud : tembung.

29.	Praptomo ngendika kaliyan Suryo Baskoro ngengingi tiyang ingkang damel pawarta.	“Ra pa-pa Mas, ra pa-pa! Bapake mau mung pesen, tinimbang dicuthik, <b><u>bocah kuwi</u></b> becike disimpen bae?” (DL no.29/SPP/47).	√			√	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Nedahaken tiyang ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i>.</li> <li>- Tiyang ingkang dipunmaksud menika andhahanipun Suryo Baskoro.</li> </ul>	<p>Jinis : <i>referensi eksofora persona</i>.</p> <p>Wujud : <i>frasa</i>.</p>
30.	Suryo Baskoro kemutan nalika dipundegsiya dening bapakipun Surtikanthi.	“ <b><u>Bapakmu</u></b> nggone degsiya marang aku jan kebangeten! Ora kabeh wartawan mlarat, surti! Sauger utege encer, mesthi bakal panen. Gamane wartawan pancen mung pulpen, iku biyen! Ning saiki gamane laptop. Panene yen bisa ngolak-ngalik pawarta, bisa gawe gerahe wong kuwasa!” (DL no.30/SPP/48).	√		√		<ul style="list-style-type: none"> <li>- Nedahaken tiyang ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i>.</li> <li>- Tiyang ingkang dipunmaksud menika bapakipun Surtikanthi.</li> </ul>	<p>Jinis : <i>referensi eksofora persona</i>.</p> <p>Wujud : <i>tembung</i>.</p>
31.	Suryo Baskoro nyuwun pirsaa kaliyan Rudi ngengingi tiyang sepuhipun Rudi.	“ <b><u>Bapak ibumu</u></b> isih sugeng Rud?” (DL no.31/SPP/48).	√			√	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Nedahaken tiyang ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i>.</li> <li>- Tiyang ingkang dipunmaksud menika tiyang sepuhipun Rudi Hamonangan.</li> </ul>	<p>Jinis : <i>referensi eksofora persona</i>.</p> <p>Wujud : <i>frasa</i>.</p>
32.	Suryo Baskoro mrayogakaken Rudi kapurih ngancani ibunipun.	“Wah, saupama ana salah siji putrane sing ngancani ngono mbokmenawa penggalihhe <b><u>ibumu</u></b> remen banget ya, Rud?” (DL no.32/SPP/48).	√		√		<ul style="list-style-type: none"> <li>- Nedahaken tiyang ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i>.</li> <li>- Tiyang ingkang dipunmaksud</li> </ul>	<p>Jinis : <i>referensi eksofora persona</i>.</p> <p>Wujud : <i>tembung</i>.</p>

							menika ibunipun Rudi Hamonangan.	
33.	Rudi Hamonangan criyos kaliyan Suryo ngengingi ibunipun bilih satunggaling dinten saged dipunkancani dening salah satunggaling putra wonten dalemipun.	“Satunggaling dinten ibu nate kawiyos, iba mulyanipun bilih salah satunggal putranipun saged ngancani ing <b><i>mrika!</i></b> ” (DL no.33/SPP/48).		√	√		- Nedahaken papan ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i> . - Papan ingkang dipunmaksud menika dalemipun ibunipun Rudi.	Jinis : <i>referensi eksofora demonstratif</i> papan.  Wujud : tembung.
34.	Surtikanthi ngendika kaliyan Bambang bilih piyambakipun badhe dhateng griya sakit nuweni bapakipun.	“Pak Bambang lan Pak Raharjo, sepurane ya, aku kudu menyang rumah sakit awit <b><i>bapakku</i></b> gerah. Yen watune wis diganti, sampeyan ngerti piye carane nyambungi aku! Wis ya, kepareng dhisik!” (DL no.34/SPP/49).	√		√		- Nedahaken tiyang ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i> . - Tiyang ingkang dipunmaksud menika bapakipun Surtikanthi.	Jinis : <i>referensi eksofora persona</i> .  Wujud : tembung.
35.	Raharjo ngendika kaliyan Bambang bilih bandha tilaranipun tiyang sepuhipun Surtikanthi kathah.	“Ora dadi konsultan, kanggone Surti ora apa-apa, Pak Bambang, ora patheken! Bandha tinggalane <b><i>wong tuwane</i></b> ora entek dipangan pitung turunan!” (DL no.35/SPP/50).	√			√	- Nedahaken tiyang ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i> . - Tiyang ingkang dipunmaksud menika tiyang sepuhipun Surtikanthi.	Jinis : <i>referensi eksofora persona</i> .  Wujud : <i>frasa</i> .
36.	Suryo Baskoro ngendika dhateng Priyanti bilih Suryo badhe tindak griya sakit nuweni bapakipun kanca.	“Pri, yen Bu Tuti nggoleki aku, matura aku bezuk nyang rumah sakit. <b><i>Bapake kancaku</i></b> gerah, ya?” (DL no.36/SPP/52).	√			√	- Nedahaken tiyang ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i> . - Tiyang ingkang dipunmaksud	Jinis : <i>referensi eksofora persona</i> .  Wujud : <i>frasa</i> .

							menika bapakipun Surtikanthi.	
37.	Ki Purboyono duka kaliyan Prihastuti Kusumo, awit nalika tledhek Indah darwati dipunpajang wonten koran <i>Cahaya Kita</i> dening satunggaling reporter <i>Cahaya Kita</i> .	“Ya wis ngerti, Jeng! Sengara reportere <i>Anoroga</i> umpamane, nulis ing <i>Cahaya Kita</i> ! Karepku, <u><i>cah iku</i></u> dituku pira dening Indah Darwati?” (DL no.37/SPP/1).	√			√	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Nedahaken tiyang ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i>.</li> <li>- Tiyang ingkang dipunmaksud menika salah satunggaling reporter <i>Cahaya Kita</i>.</li> </ul>	<p>Jinis : <i>referensi eksofora persona</i>.</p> <p>Wujud : <i>frasa</i>.</p>
38.	Prihastuti Kusumo titip salam dhateng garwanipun Wisnu saha ngemutaken Wisnu bibar maghrib wonten pepanggihan kulawarga .	“Ya wis ra papa! Salamku marang <u><i>sisihanmu</i></u> , ya? Aja lali Nu, bar maghrib ditimbali bapak! O, iya ibu mau uga meling, anak lan sisihanmu jaken pisan!” (DL no.38/SPP/3).	√			√	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Nedahaken tiyang ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i>.</li> <li>- Tiyang ingkang dipunmaksud menika garwanipun Wisnu.</li> </ul>	<p>Jinis : <i>referensi eksofora persona</i>.</p> <p>Wujud : <i>tembung</i>.</p>
39.	Prihastuti Kusumo ngendika kaliyan Wisnu bilih putra lan sisihanipun kapurih dipunajak pepanggihan kulawarga.	“Ya wis ra papa! Salamku marang sisihanmu, ya? Aja lali Nu, bar maghrib ditimbali bapak! O, iya ibu mau uga meling, <u><i>anak lan sisihanmu</i></u> jaken pisan!” (DL no.39/SPP/3).	√			√	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Nedahaken tiyang ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i>.</li> <li>- Tiyang ingkang dipunmaksud menika putra kaliyan garwanipun Wisnu.</li> </ul>	<p>Jinis : <i>referensi eksofora persona</i>.</p> <p>Wujud : <i>frasa</i>.</p>

40.	Wisnu ngendika kaliyan Prihastuti Kusumo badhe ngajak garwa kaliyan putranipun.	“Lho jare ngrembug bab wigati, kok kon ngejak <u>anak bojo?</u> ” (DL no.40/SPP/3).	√			√	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Nedahaken tiyang ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i>.</li> <li>- Tiyang ingkang dipunmaksud menika putra kaliyan garwanipun Wisnu.</li> </ul>	<p>Jinis : <i>referensi eksofora persona</i>.</p> <p>Wujud : <i>frasa</i>.</p>
40.	Prihastuti Kusumo ngendika kaliyan Wisnu bilih Ibunipun temtu sampun masak-masak kangge putra wayah.	“Walah, kowe kok lali ta karo lageyane Ibu? Mesthi wis kapang karo <u>putra wayah!</u> Delengen mengko, ibu mesthi masak-masak panganan kareman!” (DL no.40/SPP/3).	√			√	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Nedahaken tiyang ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i>.</li> <li>- Tiyang ingkang dipunmaksud menika putra wayahipun Bapak Broto Kusumo</li> </ul>	<p>Jinis : <i>referensi eksofora persona</i>.</p> <p>Wujud : <i>frasa</i>.</p>
41.	Wisnu ngendika kaliyan Suryo piyambakipun bilih dereng sarapan awit dipuntilar sisihanipun dhateng njawi kitha.	“Aku rung sarapan dhik, ayo!” “Lha kok padha mas Suryo! <u>Sisihanku</u> nyang njaban kutha, ora ana sing adang!” (DL no.41/SPP/5).	√			√	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Nedahaken tiyang ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i>.</li> <li>- Tiyang ingkang dipunmaksud menika garwanipun Wisnu.</li> </ul>	<p>Jinis : <i>referensi eksofora persona</i>.</p> <p>Wujud : <i>tembung</i>.</p>
42.	Wisnu ngendika kaliyan Prihastuti Kusumo bilih piyambakipun badhe ngecek	“Sareh dhisik Mbak, sareh! Iki mau aku mentas sarapan karo dheweke, ora ngrembug bab gaweyan blas!		√		√	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Nedahaken papan ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i>.</li> </ul>	<p>Jinis : <i>referensi eksofora demonstratif papan</i>.</p>

	menawi Suryo ngginakaken mesin cetak malih.	Wong kaya Suryo mono lunyu pindha welut! Tur julig! Aku wis rembugan karo Pak Mukadi kok! Yen sepisan maneh dheweke nggunakake mesin cetak, aku arep <b><i>mrana</i></b> , sengadi sambang lan ndeleng kahanan! Suryo kudu diwelehke melek-melekan, supaya ora bisa golek pawadan! Yen saiki wis kliwat, awake dhewe ora nyekel bukti! Mula disumenekake dhisik!". (DL no.42/SPP/6).					- Papan ingkang dipunmaksud menika ruwangan mesin cethak.	Wujud : tembung.
43.	Wisnu badhe sowan ibunipun Suryo Baskoro.	"Aku arep sowan <b><i>ibune</i></b> saperlu golek sisik melik kancane Mas Suryo sapa wae, klebu kancane wadon!". (DL no.43/SPP/6).	√		√		- Nedahaken tiyang ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i> . - Tiyang ingkang dipunmaksud menika ibunipun Suryo Baskoro.	Jinis : <i>referensi eksofora persona</i> . Wujud : tembung.
44.	Salah satunggaling durjana ngendika kaliyan Suryo Baskoro, bilih piyambakipun dipundhawuhi minggir nalika dipunculik.	"Mas yen sampeyan pengin slamet minggira ngarep <b><i>kono!</i></b> " (DL no.44/SPP/8).		√	√		- Nedahaken papan ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i> . - Papan ingkang dipunmaksud menika pinggir margi.	Jinis : <i>referensi eksofora demonstratif</i> papan. Wujud : tembung.
45.	Para durjana ngendika kaliyan Suryo Baskoro bilih	"Dadi tumindakmu sasuwene iki ora nistha? Uwong kok kaya urang,	√		√		- Nedahaken tiyang ingkang <i>merefer</i>	Jinis : <i>referensi eksofora persona</i> .

	<p>piyambakipun kapurih mituruti kersanipun atasanipun para durjana.</p>	<p>teleke disunggi ing endhas! Ngertia Sur, yen sikep mripatmu dakbukak, kowe mengko bisa titen karo kene wong papat! Ning sejatine ya ora apa-apa. Yen kowe bisa nuruti karepe <b><u>bosku</u></b>, awake dhewe mengko bakal kekancan. Kosok baline yen kowe ora manut, barang anyep iki sing bakal njegog! Masalaha Sur, bos wanti-wanti supaya mripatmu ditutupi, dadi kene ya kudu ngugemi! Kejaba iku, cilikanmu biyen rak tau gladhen karate, ta? Lha mengko yen badanmu dakuculi, njur epek-epekmu kurdha, piye?” (DL no.45/SPP/8).</p>					<p>dhateng njawi <i>teks</i>. - Tiyang ingkang dipunmaksud menika atasanipun para durjana.</p>	<p>Wujud : tembung.</p>
46.	<p>Nyonya Condro Baskoro ngendika bilih garwabipun sregep anggenipun makarya mucal dhateng papan pundi-pundi.</p>	<p>Ketang tresnane marang anak bojo, anggone nyambut gawe Condro ora ngetung wayah. Jaman semana, insinyur kang mumpuni ing babagan listrik isih arang-arang. Kajaba ngantor ing PLN, Condro ora bisa nulak para mitra karuh kang nyraya mulang ing Pamulangan Luhur kang dadi jejibahane. Mula direwangi yen esuk ngantor ing PLN Embong Wungu, sorene mulang <b><u>mrana-mrene</u></b>. (DL no.46/SPP/9).</p>		√	√		<p>- Nedahaken papan ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i>. Tembung <b>mrana</b> nedahaken papan tebih, wondene tembung <b>mrene</b> nedahaken papan ingkang caket kaliyan penutur.</p>	<p>Jinis : <i>referensi eksofora demonstratif</i> papan. Wujud : tembung.</p>



47.	Dhimas Heru ngendika kaliyan Pratiwi lumantar tilpun bilih piyambakipun badhe sowan dhateng griyanipun.	“Sareh Mbak! sareh, aja gupuh! Limang menit engkas aku wis tekan <b><u>kono</u></b> ! Lawange pager dibuka ya?”. (DL no.47/SPP/9).		√	√		<ul style="list-style-type: none"> <li>- Nedahaken papan ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i>.</li> <li>- Papan ingkang dipunmaksud menika griyanipun Pratiwi.</li> </ul>	<p>Jinis : <i>referensi eksofora demonstratif</i> papan.</p> <p>Wujud : tembung.</p>
48.	Wicitra ngendika dhateng Pujianto kapurih mapak Sini ingkang saweg macak wonten papan rias.	“Ji, gek ndang susulen Sini <b><u>kana</u></b> ! Ngapa ae kok suwe men, kadak macak ngono ae lho.”. (DL no.48/GSP/13).		√	√		<ul style="list-style-type: none"> <li>- Nedahaken papan ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i>.</li> <li>- Papan ingkang dipunmaksud menika papan rias.</li> </ul>	<p>Jinis : <i>referensi eksofora demonstratif</i> papan.</p> <p>Wujud : tembung.</p>
49.	Pamungkas ngendika kaliyan Setyawan bilih piyambakipun dherek bingah awit Setyawan kasil ngudhari wewadi Rajapati wonten Gunung Wilis.	“Oo.. dadi iki ta sing jeneng Detektif Setyawan. Sing kasil ngudhari wewadine <b><u>rajapati</u></b> ing perenging Gunung Wilis biyen kae?” (DL no.49/GSP/13).		√	√		<ul style="list-style-type: none"> <li>- Nedahaken prastawa ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i>.</li> </ul>	<p>Jinis : <i>referensi eksofora demonstratif</i> prastawa.</p> <p>Wujud : tembung.</p>
50.	Setyawan ngendika kaliyan Pamungkas bilih piyambakipun sujana dhateng para pemain kethoprak ingkang mejahi Praharsini.	“Yen panemuku, kethoprak kareben terus main. Sebab apa, aku nyujanani durjanane wong njero dhewe. Bisa uga salah siji ing antarane para <b><u>pemain kuwi</u></b> . Upama pentase diwurungake, durjanane bakal duwe kalodhangan kanggo mlayu, utawa saora-orane nyingidake tlacak. Nanging yen terus main, kejaba nyupet kalodhangane durjana kanggo	√			√	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Nedahaken tiyang ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i>.</li> <li>- Tiyang ingkang dipunmaksud menika para pemain kethoprak.</li> </ul>	<p>Jinis : <i>referensi eksofora persona</i>.</p> <p>Wujud : <i>frasa</i>.</p>

		oncad, kene uga bisa nguwasi pemaine mbaka siji nalika pinuju ana panggung. Endi sing maine ora konsentrasi ya kuwi sing patut disujanani.” (DL no.50/GSP/14).						
51.	Pamungkas ngendika bilih stagenipun Ulupi dipunpanggihaken andhahanipun Pamungkas.	“Stagen iki ditemu <u>andhahanku</u> neng mburi kana, cedhake dhiskotik. Dipendhem gragal.” (DL no.51/GSP/15).	√		√		<ul style="list-style-type: none"> <li>- Nedahaken tiyang ingkang merefer dhateng njawi teks.</li> <li>- Tiyang ingkang dipunmaksud menika andhahanipun Pamungkas.</li> </ul>	<p>Jinis : <i>referensi eksofora persona.</i></p> <p>Wujud : tembung.</p>
52.	Wicitra nyuwun pirsaning ngengingi kawontenan putunipun Hirno ingkang kamiweden.	“Badhe matur dhateng panjenengan pak Citra.” “Matur apa? Bab <u>putumu</u> ya? Piye kahanane, apa sik panggah girap-girap kamiweden?” (DL no.52/GSP/17).	√		√		<ul style="list-style-type: none"> <li>- Nedahaken tiyang ingkang merefer dhateng njawi teks.</li> <li>- Tiyang ingkang dipunmaksud menika wayahipun Hirno.</li> </ul>	<p>Jinis : <i>referensi eksofora persona.</i></p> <p>Wujud : tembung</p>
53.	Setyawan nyuwun pirsadhateng Wicitra ngengingi Praharsini ingkang dipuntundhung dening garwanipun.	“Kok nggawa bengkalan salin barang ki apa mbak Sini ditundhung minggat?” “Wicitra manggut, “Jarene ngono. Bebrayane ora Harmonis, wis pirang-pirang sasi pisah ranjang. Meh saben ndina tukar padu. Wekasane banjur ditundhung lunga dening <u>sing lanang kuwi.</u> ” (DL no.53/GSP/17).	√			√	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Nedahaken tiyang ingkang merefer dhateng njawi teks.</li> <li>- Tiyang ingkang dipunmaksud menika garwanipun Praharsini.</li> </ul>	<p>Jinis : <i>referensi eksofora persona.</i></p> <p>Wujud : frasa.</p>

54.	Wicitra ngendika kaliyan Setyawan bilih Praharsini menika ngampil arta wonten papan mrika -mriki badhe bikak salon ananging dereng kasembadan.	“Ora suwe sawise bali mrene, dheweke kandha arep bukak salon kecantikan, ngriyas manten, mesisan nyewakake busana resepsi. Merga sethithik akeh Sini iku rak nduwe kawruh bab ngelmu ngadi sarira lan ngadi busana. Aku krungu-krungu kanggo pawitan bukak salon iku direwangi utang <b><u>kana kene</u></b> . Ning sangertiku, nganti dheweke tinggal donya pepinginane bukak salon mau durung kasembadan.” (DL no.54/GSP/17).		√	√		<ul style="list-style-type: none"> <li>- Nedahaken papan ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i>.</li> <li>- Tembung <b>kana</b> nedahaken papan tebih saking penutur. Wondene tembung <b>kene</b> menika nedahaken papan ingkang caket kaliyan penutur.</li> </ul>	<p>Jinis : <i>referensi eksofora demonstratif</i> papan.</p> <p>Wujud : tembung.</p>
55.	Hardjono ngendika kaliyan Pamungkas menawi saged medhari rajapati menika samangke saged pikantuk kredhit poin saking atasanipun, mila saged mindhak pangkatipun.	“Aku ya nyemak kasus iku kok. Mben koranku teka sing dak jujuk d hisik mesthi kabar kuwi. Wah kowe mumet ya Mung, sebab <i>locus delicti</i> -ne pas neng wilayahmu. Nanging aja cilik ati, sebab tantangane pulisi kuwi ya yen ngadhepi kasus-kasus rumit ngene iki. Kowe bakal ngrasakake kemareman kang tanpa upama uger bisa ngudhari wewadining rajapati kuwi. Bisa-bisa kowe entuk kredhit poin saka <b><u>ndhuwuranmu</u></b> Mung, saengga njurung pangkatmu cepet mundhak. Eh, sing neng lurung Gerbong gajege rak mlebu Polsek	√		√		<ul style="list-style-type: none"> <li>- Nedahaken tiyang ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i>.</li> <li>- Tiyang ingkang dipunmaksud menika atasanipun Pamungkas.</li> </ul>	<p>Jinis : <i>referensi eksofora persona</i>.</p> <p>Wujud : tembung.</p>

		Gubeng ta, kok kowe melu ngurusi?”. (DL no.55/GSP/21).						
56.	Sandhipala ngendika kaliyan Mintaraga bilih piyambakipun samekta dipunadhepaken kaliyan komandhanipun Mintaraga.	“Yen kowe bisa ngalahake aku, aku manut kok rangket. Kok larapake marang komandhanmu apa kok pistol neng papan kene mangsa borong kowe. Sebab arepa kok adhepake <u>komandhanmu</u> utawa ora, tundhone aku mesti bakal diukum pati merga tumindakku saksuwene iki. Nanging yen kowe sing kalah, aku wenehana wektu kanggo ngedum asile rampogan iki marang sedulur-sedulur sing uripe ora begja. Adil ta?” (DL no.56/GSP/22).	√		√		<ul style="list-style-type: none"> <li>- Nedahaken tiyang ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i>.</li> <li>- Tiyang ingkang dipunmaksud menika komandhanipun Mintaraga.</li> </ul>	<p>Jinis : <i>referensi eksofora persona</i>.</p> <p>Wujud : tembung.</p>
57.	Hardjono ngendika kaliyan Pamungkas bilih Mintaraga dipunluputaken dening komandhanipun.	“Critaku durung tutug. Sawise kedadeyan ing tengah tambak iku Mas Mintaraga diluputake dening <u>komandhane</u> . Dheweke dianggep ngeculake benggoling durjana sing prasasat diburu polisi sak negara.” (DL no.57 /GSP/22).	√		√		<ul style="list-style-type: none"> <li>- Nedahaken tiyang ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i>.</li> <li>- Tiyang ingkang dipunmaksud menika komandhanipun Mintaraga.</li> </ul>	<p>Jinis : <i>referensi eksofora persona</i>.</p> <p>Wujud : tembung.</p>
58.	Setywan ngandharaken bilih piyambakipun asring dipunajak ningali kethoprak dening bapak ibunipun.	“Seneng banget mas, kawit isih SD aku penggemar berate Waskitha Budaya. Wektu isih bocah aku asring diajak <u>bapak ibuku</u> mirsani Waskitha Budaya yen pinuju nobong ing Kediri. Swargi Mbak	√			√	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Nedahaken tiyang ingkang <i>merefer</i> dhateng njawi <i>teks</i>.</li> <li>- Tiyang ingkang dipunmaksud menika tiyang</li> </ul>	<p>Jinis : <i>referensi eksofora persona</i>.</p> <p>Wujud : <i>frasa</i>.</p>

		Praharsini iku sejatine klebu idholaku kawit isih bocah lho. Koleksiku kasete Waskitha Budaya ya jangkep kok.” (DL no.58/GSP/25).					sepuhipun Setyawan.	
--	--	--	--	--	--	--	---------------------	--

Katrangan

D : *Demonstratif*

DL : *Data Lampiran*

P : *Persona*

PS : *Panjebar Semangat*

T : *Tembung*

GSP : *Getih Sri Panggung*

F : *Frasa*

SPP : *Sang Pangeran Pati*

DL : *Data Lampiran*